

## ÆНÆМАСТ АДÆЙМАГ ÆНДÆР АДÆЙМАГИ РИСТ НÆ БАЛÆДÆРДЗÆНÆЙ!..

*Хун ЦЗЫЧЕН, рагон китайаг зундилæг: «Кадæмæ, гъæздугдзийнадæмæ æма хецауи бунатмæ тундзуни гъудитæй дæхе ку иссæребарæ кæнай, айдагъдæр дин уæд бантæсдзæнæй царди æведауцæ, илгъаг миутæй фæййервæзун. Царди дæбæл ихæс ке ес, хуæрзгæнæг æма дæ адæмуарзон ун ке гъæуй, уонæбæл ку нæбал гъуди кæнай, айдагъдæр уæд æрлæудзæнæ зунди надбæл...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№13 (933) 2024 анзи 13 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## НÆ РАЗАГЪДИ ЛÆГТÆ

# ФАРНИ МÆСУГ АРАЗÆГ

Цалдæр анзей размæ мухури рацудæй **Мамсурати Таймурази** уодварнон сагъæстæ æма гъудити киунугæ «Исамайæ дæ мæсуг». Æма ’й уотæ, æвæдзи, хумæтæги нæ исхудта. Мæсуг нæ адæми еугур фæлтæртæмæ дæр уæлдай цитгийнаг адтæй. Уой дæр куд уотид гæнах, уотæ нæ, фал ке уидæ, еци муггаги гъомусадæ æвдесæг арæзт. Нæ рагфидтæлтæй ку байзадæй уæхæн загъд дæр: «Мæсуг аразæг æ исонибонбæл гъуди кæнуй!..»

Куд Иристони фулдæр муггæгтæн, уотæ Мамсурати муггагæн дæр сæ райгурæн Дæргъævсгоми ес сæ фидтæлтиккон мæсуг. Рæстæгутæ ’й еуцæйбæрцæдæр багъигæ дардтонцæ, фал æй сæ нури фæлтæртæ барæвдзитæ кодтонцæ æма нур еци федауцæй кæсуй дуйнемæ. Мамсурати Таймурази фæсте фарсбæл дæр ин æ къарæ хумæтæги нæ ниввардтан. Муггаги мæсугæй сæрустур ун хуарз æй, фал никки хуæздæр ба е уодзæнæй, æма муггаги дзиллæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ сæ лæгдзийнæдтæй уодварнон мæсугæй сæхе ку федаун кæнонцæ. Æма Мамсурати муггагæн ес, абони сæрустур кæмæй уонцæ, уæхæн адæймæгутæ. Уонæй, федарæй зæгъæн, æй Мамсурати Дзамбеги фурт Таймураз. Сæрмагондæй ба ин æ кой кæнæн уомæ гæсгæ æма 13 апърели ибæл æнхæст кæнуй дæс æма æртинсæй анзи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн, абони нæ газети 4-6-аг фæрстæбæл ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй.



## БАСТДЗИЙНÆДТÆ



### «ÆМГУСТАДÆ НИН ПАЙДАХÆССÆГ ИСУОДЗÆНÆЙ!..»

Цæгат Иристон æма Ленингради облæст æмгустадæ кæндзæнæнцæ гуманитарон, промышленнон, гъæуунхæдзарадон æма æндæр къабæзти. Еци бадзурд исфедар кæндзæнæнцæ аци анз бабæй Санкт-Петербурги арæзт ка ’рцæудзæнæй, еци дуйнеуонэкономикон форуми.

Нæ республики делегаци косæг балций адтæй æрæги Ленингради облæсти æ разамонæг **Александр Дрозденкой** хундæй. Фембæлди рæстæг Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æ радзубандий куд фегъосун кодта, уотемæй нæ республикæ цæттæ ’й Ленингради облæсти хæццæ дувæрсуг бастдзийнæдтæ искæнунмæ. Еци гъуддаги ахсгиагдзийнади туххæй уотæ загъта:

– Уони фæрци нæ къохи бафтуйдзæнæй фулдæр нисантæ царди рауадзун. Советон доги рæстæг Цæгат Иристони зæрдæмæдзæугæ уавæри адтæй промышленность, бæлвурдæй – гъæуайкæнуйнадон кустадæ. Нуртæккæ еци кустуæтти фæзуæттæ ревæд æнцæ, Ленингради облæст æнхæст æй инвестицион фæрæзнитæй, е махæн ахсгиаг æй. Æма си гъæуама испайда кæнæн.

Александр Дрозденко дæр æ радзубандий баханхæ кодта:

– Гъæууон хæдзаради культуритæ, æхсири продукци уадзуни, халсарти кустади, æндæр къабæзти дæр æмгустади æнтæстгин райрæзтæн равгитæ уодзæнæй. Махмæ косуй Мультицентр, уой фæрци æнæнездзийнади цубургонд равналæнти хæццæ адæмæн ес равгитæ сæ царди хабæрттæ зæрдæмæдзæугæ хузи аразунæн.

Губернатор ма куд загъта, уотемæй хуарз уидæ, Цæгат Иристони исфæлдистадон коллективтæ сæмæ сæ бæрæгбони рæстæг ку æрцæуиуонцæ, сæ арæхстдзийнадæ ку равдесиуонцæ, уæд.

Аци фембæлди фæдбæл фусунти æма иуазгути гъуди æмхузон адтæй: «Æмгустадæ нин пайдахæссæг исуодзæнæй!..» Цæгат Иристони Сæргълæууæг, делегаций иуонгтæ базонгæ ’нцæ Ленингради облæсти зундгонддæр кустуæтти хæццæ. Деденгутæ исæвардтонцæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг геноцид баййафæг сабур цæрæг адæми Мемориали.

*Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ*


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

***Цæгат Иристони нæдти хæдзарадæ æма транспорти комитети сæрдар Солити Тариэли загъдмæ гæсгæ, хæстæгдæр рæстæг Иристонмæ æрбафтуйдзæнæй 57 автобуси. Косдзæнæнцæ «Автоколоннæ -1210»-и. Цæудзæнæнцæ Дзæуæгигъæуæй Беслæнмæ, Дигорамæ æма Чиколамæ. – Аци æртæ районей цæргутæн ма еци-еу рæстæги лæггадæ кæндзæнæй хе маршрутон транспорт дæр. Уой хæццæ, аргъ абони куд æй, уотемæй байзайдзæнæй.***

## ЗОНАДОН ХЪÆППÆРЕСТÆ



Цæгат Иристони цалдæр боней дæргъи æ куст кодта Курчатови институти ахурадон форум – ауæхæн зонадон мадзал айдагъ мах республики нæ, фал æнæгъæнæ Уæрæсей дæр арæзт æрцудæй фиццаг хатт. Зундгонд куд æй, уотемæй анзи размæ Цæгат Иристони Сæргълæуууæг Сергей Меняйло æма Курчатови институти президент, зундгонд советон æма уæрæсейаг физик Михаил Ковальчук бафинстонцæ æмгустади бадзурд. Уой бундорбæл нæ республики Алагири 2-аг, Дзæуæгигъæуи 44-аг, 38-аг æма Хæзнидони астæуккаг скъолати байгон æнцæ Курчатовон къæлæстæ. Форум арæзт цæуй паддзахадон программи бундорбæл, Цæгат Иристони бæлвурд æма иннæ наукитæмæ искурдиадæ кæмæ ес, еци сувæллæнтти идарддæри профессион ирæзти агъазæн.

## ГЪÆУУОН ХÆДЗАРАДÆ



Цæгат Иристони фонсдаруни куст æнхæстгонд цæуй 127 кустуатеми. Паддзахади ’рдигæй дæр син агъазгонд цæуй. Нæ республики гъæуuон хæдзаради министр Къусрати Алан куд зæгъуй, уотемæй грантти æма субсидити хузи 2023 анзи лæвæрд æрцудæй 145 миллион соми, фонс ка даруй, уæхæн хæдзарæдтæн. Министри загъдмæ гæсгæ, доцгæ гъоцитæ нæ регионни дарунцæ 109 хæдзаради. Æхсири æрдугъд, евгъуд анзи хæццæ рабаргæй, фæффулдæр æй 39 мин тонни. Парахатдæр кæнуй фустæ даруни къабазæ дæр. Аци кустмæ се ’ргом раздахтонцæ 68 хæдзаради. Мадтæл фустæ дарунæн, фермертæн сæ хæрзти хай бафедунæн, уæдта фусвонси нимæдзæ исберæ кæнунæн евгъуд анзи субсидитæ радех кодтонцæ 38,4 миллион соми. Уомæй уæлдай, къабази райрæзтæн грантти хузи евгъуд анзи радех кодтонцæ 30,2 миллион соми.

## АХУРАДÆ



Цæгат Иристони 2022-2023 æнзти бантæстæй бундоронæй райаразун 66 еумæйагахурадон ахургæнæндони (ахур си кæнунцæ 30 мин сувæллонемæй фулдæр). Аци арфиаг куст æнхæстгонд цæудзæнæй – 2024-2026 æнзти цалцæги федералон программæмæ хаст æрцудæнцæ нæ республики 51 еумæйагахурадон ахургæнæндони. Уой фæрци ауалдзæги райдæдтонцæ 25 скъолайеми бундорон цалцæги куститæ.

Ахургæнæндæнтти бæстихæйттæ бундоронæй исцалцæг кæнунæй уæлдай ма арæзт цæудзæнæнцæ мадзæлттæ уони нуриккон нæуæг ахурадон техникон фæрæзнитæй, ахурадон литературæй ефтонг кæнунæн.

## ЦАУТÆ. ХАБÆРТТÆ. НИСАНТÆ.

Коррупций нихмæ тохи нисанеуæгæй нæ республики Сæргълæуууæги рази арæзт управлени æрæги исаразта сæрмагонд ахуртæ. Архайдтонцæ си паддзахадон æма бунæттон хеунаффæйади оргæнти коррупцион цаутæ ма ’руадзунбæл архайæг косгутæ. Дзубанди си цудæй æфтуйæгти æма хæрзтæ бæлвурдгæнæн кампаний хецæндзийнæдти туххæй, уæлдай æргом си раздахтонцæ коррупций нихмæ закъонæвæруйнади фарстатæмæ.

* * *

**Еумæйагахурадон ахургæнæндæнтти къæлæстæн разамунд дæттæг ахургæнгутæн феддони бæрцæ фæффулдæр уодзæнæй 12 мин сомей уæнгæ. Уæхæн ахургæнгути бæрцæ ба ’й 2,5 миней бæрцæ.**

* * *

Цæгатиристойнаг режиссер Колити Анатолийи æнхæстметражон кинонивæ «Авд сау гæгъæдий» («Семь черных бумаг»), хаст æрцудæй, Мæскуй æхсæнадæмон кинофестивали бавдесуйнаг ке ’нцæ, еци кинонивти хигъдмæ.

* * *

**Сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг е ’фсæддон ихæстæ æхсаргинæй æнхæст кæнгæй ка фескъуæлхтæй, уони кадæн æрæги Гизæлмæ хæстæг Саудони билгæрæнтти арæзт æрцудæнцæ мотоциклетон спорти хузæй Цæгат Иристони игон чемпионат æма Цæгат-Кавказаг федералон зилди Кубок рамолуни еристæ. Уæлахездзаутæ æма призон бунæттæ ка байахæста, етæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ майдантæй, кубоктæ, дипломтæ æма сæрмагонд лæвæрттæй.**

* * *

Зундгонд композитор, дирижер, ахургæнæг, фольклорист, национ оркестртæ æма ансамбльтæ исаразæг Галати Александри фурт Бариси райгурдбæл 10 мартъий исæнхæст æй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1889-1974). Аци номдзуд адæймаги номерæнæн æрæги республикон Национ киунугæдони арæзт æрцудæй мадзал «Æмбурдгонд «Ирон адæмон зартæ» – дуйнеуон этномузыкологий æма Иристони културон бунти хæзна».

* * *

**Дæс æма инсæй коллективи кæми архайдтонцæ, хореографион аййевади уæхæн конкурс æрæги арæзт æрцудæй Сочий. Еци агъазиау исфæлдистадон еристи лауреат иссæй Цæгат Иристони минæвар – адæмон кафти дæнцæн ансамбль «Хуæнхти сувæллæнттæ» («Дети гор»). Иристойнаг æригон кафгутæ фондз дипломи райстонцæ конкурси фондз хуземи. Ансамбли аййевадон разамонæг æй Уæрæсей Федераций Култури æскъуæлхт архайæг Козати Станислав.**

## ÆРГОМ ДЗУБАНДИ АХСГИАГ ФАРСТАЙ ФÆДБÆЛ

# ЦÆСТФÆЛДАХГУТИ МИУТÆН КУД ЕС БУХСÆН?



Цæгат-Кавказаг федералон зилди Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвар **Юрий Чайка** æрæги исаразта æнæзакъон финансон фудракæндтити нихмæ архайди ведомствити ’хсæн косæг къуари æмбурд. Видеоконференц-бастдзийнади фæтки фæрци си архайдтонцæ зилди субъекти разамонгутæ. Архайдта си Цæгат Иристони Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** дæр.

Æмбурди ци фарстати фæдбæл цудæй дзубанди, уонæн сæ сæйрагдæр адтæй цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ æма артаг-энергетикон комплекси цæстфæлдахæн миутæ искунæг кæнуни фæдбæл.

Юрий Чайка куд фæббæрæг кодта, уотемæй бæсти разамунд абони агъазиау æргом æздахуй цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ æма артаг-энергетикон комплекси объектти ирæзт æма модернизацимæ, уой туххæй паддзахадон бюджетæй дехгонд цæуй дзæвгарæ финансон фæрæзнитæ.

Ведомствити ’хсæн косæг къуар æ рæстæги акционерон æхсæнæдтæ «Россети Северный Кавказ» æма «Газпром Межрегионгаз»-и размæ бæлвурд исæнхæсткæнуйнаг ихæстæ исæвардта, фал етæ нерæнгæ æнхæстгонд нæма ’рцудæнцæ.

Æнæзакъонæй фæгъгъæздугдæр унмæ гъавæг цæстфæлдахгутæ ресурстæ дæттæг кустуæтти еуæй-еу косгути агъазæй пайда кæнунцæ хизти æдзæллаг техникон уавæртæй, сæ еуæй-еу хæйттæ æнæхецау ке ’нцæ, уомæй инфраструктури æдзæллагдзийнади æма энергоресурсти нимайæн системи æнæнхæстдзийнадæй. Экономики еугур еци гъæндзийнæдтæ тæссаг уавæр исæвзурун кодтонцæ социалон къабази æдасдзийнадæн, лæгъузæрдæмæ зиннунцæ адæми цардигъæдæбæл, – загъта Юрий Чайка.

Зилди артаг-энергетикон комплекси ирæзт уорамуй, ци ресурстæ харзгонд цæунцæ, уонæбæл феддонтæ афойнадæбæл фист ке нæ цæунцæ, уæдта фæлхасгæнгутæмæ хъæртгæй надбæл исæфтитæ. Ранимад лухкæнуйнаг фарстатæ хаунцæ фулдæр профилон кустуæттæмæ, æнцæ уой æвдесæн, æма æнæзакъон финансон операцити нихмæ си фагæ архайд ке нæ цæуй.

Æмбурди фæлгæти Сергей Меняйло радзурдта, Цæгат Иристони ци мадзæлттæ арæзт цæуй, уобæл. Цæмæй феддонтæ афойнадæбæл фист цæуонцæ, æма ресурстæдæттæг кустуæтти архайд фæгъгъомусгиндæр уа, уой туххæй Уæрæсей Федераций Хецауади унаффæмæ гæсгæ Цæгат Иристон хаст æрцудæй энергетикæ æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради кустуæтти æнæкеугæ экономикон ирæзти фæлварæн проектмæ. 2021 анзи федаргонд æрцудæй программæ «Цæгат Иристон-Аланий цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ æма артаг-энергетикон кустуæтти æнæкеугæ экономикон ирæзт». Уой æнхæст кæнуни туххæй арæзт æрцудæнцæ еугонд операторæ дондæттæн, донуадзæн æма тæвдæдæттæн къабæзти.

Республики Сæргълæуууæг ма æ дзубандибæл бафтудта, нæуæгарæзт дондæттæг æма донуадзæг кустуæтти филиалти ке исæвардтонцæ, экономикон æгъдауæй раст бундор кæмæн ес, донæн уæхæн тариф. Уой хæццæ, еци тариф фæббæрзонддæр æй айдагъдæр юридикон искондтæн, адæмæн ба нæ фендæрхузон æй, тарифти ’хсæн ба æхгæд цæуй федералон фæрæзнитæй.

Сергей Меняйло ма куд фегъосун кодта, уотемæй апърели кæронмæ Ирæфи районы дондæттæн хизтæ, Рахесфарси æма Горæтгæрон районти ма ци есбойнадæ байзадæй, етæ хаст ке ’рцæудзæнæнцæ еугонд оператори балансмæ. Мæздæги районы еци куст фæуудзæнæй аци анзи июни кæрони.

Æмбурди ма дзубанди цудæй, цæмæй гъæуайкæнуйнади паддзахадон заказ æнхæст кæнунæн бюджетон фæрæзнитæ дзæгъæл харзгонд ма цæуонцæ, уой туххæй исаразуйнаг мадзæлтти фæдбæл.

## СОЦИАЛОН ФОНДÆЙ



### СÆЙГÆ СУВÆЛЛÆНТТÆБÆЛ АУОДУНДЗИЙНАДÆН АГЪАЗГÆНÆГ МАДЗАЛ

Бауæрæй сахъат сувæллон ка гъомбæл кæнуй, еци ниййергутæн кенæ, ке евгед уа, уонæн алли мæйæ дæр паддзахадæ дæттуй уæлæнхасæн цуппар фæлладуадзæн бони. Уонæй испайда кæнун æ бон æй ниййергутæй сæ еуемæн, кенæ ба сæ се ’хсæн радех кæнун, куд сæ бафæндæуа, уотæ. Анзи дæргъи ма сæ бон æй æмбурд кæнун, уæдта си испайда кæнун еци-еу рæстæг.

Уотемæй, Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ бафиста 500 уæхæн уæлæнхасæн бонемæн. Уой хæццæ ниййергутæн сæ бон æй еци цуппар бонемæй пайда кæнун, къуæретæ куд цæунцæ, уотæ мæйи дæргъи, кенæ ба сæ бамбурд кæнун, уæдта адæймаги æхе ку багъæуонцæ, уæд си испайда кæнун. Алли фæлладуадзæн бонæн дæр фист цæуй мизд.

Уæлæнхасæн фæлладуадзæн бонтæ райсунæн гъæуй ниффинсун гъæугæ курдиадæ æма Социалон фондмæ бадæттун уæхæн документтæ:

– медико-социалон экспертизæ (Дзæуæгигъæу. Къостай проспект, 93 хæдзарæ) ке дæттуй бауæрæй сахъатдзийнади туххæй, уæхæн гæгъæди;

– бауæрæй сахъат сувæллон кæми цæруй, уой амонæг гæгъæди;

– сувæллонæн æ райгурди (хæссунмæ ’й райсуни кенæ ибæл евгед кæнуни) туххæй æвдесæндар;

– иннæ ниййерæгæн (евгедгæнгутæн) æ кусти бунатæй гæгъæди.

Аци гъуддаги фæдбæл еугур фарстати туххæй дзорун гъæуй республики Социалон фонди уæхæн телефонмæ: 8-800-100-00-01.

***Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ***

**Уæрæсейаг полиграфий Бон бæрæггонд цæудзæнæй майрæнбони, 19 апърели. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики аци къабази косгутæн еугурæмæн дæр!..**

***Владимир ПУТИН, Уæрæсей Федераций Президент: «Уæрæсей хъаурæ ни алке медæгæ дæр ес. Нæ дзилли, нæ адæми, не ’гъдæутти æма культури, нæ зæнхи æма æ гъæздугдзийнæдти, нæхе багъæуайкæнуйнади гъомуси. Фал сæйрагдæр ба – нæ хъаурæ ’й нæ дзилли еудзийнади...»***





# РÆСТÆГÆЙ РАСТДÆР ТÆРХОНГÆНÆГ НÆЙЙЕС!..

*Разагъди уруссаг финсæг Лев Толстой (1828-1910) æ рæстæги уотæ финста: «Раст над уæхæн æй: дæ разæй ка цардæй, уони гъуддæгутæ базонæ, балæдæрæ сæ æма идарддæр цо…» Аци зундгин загъд æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг фæдзæхсти хузи бæргæ бæззуй махæн дæр, нæ Фидибæсти абони цардарæзти æма æ исонибони, хуæздæрбæл рæстуодæй архайун æхецæн ихæсбæл ка нимайуй, уонæн. Гъулæггагæн, еу æдулидзийнадæ нæмæ арæзт æрцудæй, Советон Цæдес фехалгутæ сæ фуртингунæй бустæги ку ниддæрæн кодтонцæ, советон доги хæццæ цидæриддæр баст адтæй – пайдахæссæг æй æви нæй, уой не ’взаргæй, – уони, уæд. Нур ма бæргæ фæсмон кæнæн…*

*Уотемæй ба евгъуд рæстæгутæй дæр берæ цидæртæ бафæнзун æнгъезуй, зингæ нин фæппайда уиуонцæ нæ абони размæцуди. Уомæ гæсгæ ба нæ газети мухур кæнуйнаг ан уой фæдбæл хецæн æрмæгутæ. Мæнæ абони ци уац мухур кæнæн, уомæн æ фиццаг хай кæсетæ нæ газети айразмæ номери.*

* * *

Александр Æртиккаг Уæрæсей паддзах куддæр иссæй (1881 анзи мартъий), уотæ паддзахади цардиуаги идарддæри арæзтади фæдбæл уайтæккидæр  Зуймон галауани ци æмбурд исаразта, уоми радзубандигæнгутæй еу иссæй Министрти кабинети сæрдар Петр Валуев (1814-1890). Æма æ радзубандий загъта:

– Нæ паддзахади исарæзтдзийнадæмæ кадæртæ ци æййивддзийнæдтæ бахæссуйнаг æнцæ, етæ хъæбæр идард æнцæ мах бундорон цардиуагæй. Хуцауи фæндæй уæ бæрни ци æгæрон паддзахадæ æй, уоми цæрунцæ сæдæгай адæмихæттитæ. Алкæмæ дæр си ес æхе домæнтæ. Æма етæ

## ИСТОРИОН ÆВДЕСÆНТÆ



**Петр Фиццаг (1672-1725), Уæрæсей император: «Закъонтæ уотæ финсун гъæуй, цæмæй син рахатæ-бахатæгæнæн æгириддæр ма уа. Адæммæ рæстеуæгдзийнадæ минкъий ес, мæнгарддзийнадæ ба берæ. Æма раст гъуддæгутæн, цума фортецийæн (къасара недзаманти уотæ хониуонцæ – Ред.), уотæ буникъæхтитæ аразунтæ байдайунцæ…» Петри догæй нуриуæнгæ дæр закъонтæ æма указтæ аразун неци уоййасæбæл фæхххуæздæр æй. Уæхæнттæй сæ исаразунцæ æма си фæууй равгитæ мæнгард «æнхæстгæнгутæн» сæхе хуарзæн си пайда кæнунæн…**

ба Уæлдæрлæууæг хецауадæн гъæуама зундгонд уонцæ  æма сæ бартæ гъæуайгонд цæуонцæ.

Сугъдæг Синоди обер-прокурор Константин Победоносцев (1827-1907), фуркатайæй æ цæсгон къирхуз радардта, уотемæй загъта:

– Мæ фурмæстæй æма мæ тухст сагъæстæй мæхе ци фæккæнон, уой лæдæргæ дæр нæ кæнун... Гъавунцæ нин Уæрæсей цардмæ Конституци бахæссун – кæд уайтæккæ нæ, уæддæр бал уомæ фиццаг къахдзæф ракæнун. Æма е кæд æнхæстæй къохи нæма æфтуйуй, уæддæр ибæл байархайуйнаг ба æнцæ. Фал Конституци ци æй? Уобæл нин бæлвурдæй дзуапп дæттуй Нигулæн Европæ. Уоми бæстити ци Конституцитæ косунцæ, уони нисанеуæг æнæгъæнæйдæр арæзт æй айдагъдæр царди цидæриддæр æнæраст æма мæнгæттæ ес, уонæн тохæнгарз ун, уæдта ма кæрæдзей нихмæ аллихузон хийнæдзийнæдтæ  арæзуни фæрæзнæ.

Нæ гъостæ нин æхснунцæ: бæсти сæрбæлтау гъæуй, ка си цæруй, уони минæвæртти хæццæ косун – еу хатдзæгмæ цæугæй. Фал ардæмæ закъонадæ федар кæнунмæ хунд ка ’рцæуа, уони бон бауодзæнæй, ци адæмихæттити минæвæрттæ уонцæ, уони гъудитæ æма сагъæстæ æнхæстæй равдесун æма уони исæнхæст кæнунбæл архайун? Махæн æндæрбæстагон цардиуагæ æма закъонадæ нæ бæззунцæ, мах аккаг нæ ’нцæ æма нæ некæми гъæунцæ. Æ гъудитæ адтæнцæ уæхæн:

– Хецауадæ фиццагидæр гъæуама мæтæ кæна, ци адæми сæргъи лæууй, уобæл. Мæнмæ гæсгæ е æй нæуæг паддзахадон уагæвæрди сæйраг рахуæцæнтæй еу.

– Туххæй дæр нин унаффæ  кæнунцæ æнæпайдахæссæг радзорæбадзорæгæнæн исаразунмæ.

– Зæнхкосгути сæргъи нæййес гъæугæ хецаудзийнадæ арæзт –  ниуæзтæбæл фæцæнцæ, косунмæ зийнадæ кæнун райдæдтонцæ.

– Земскаг æма сахайраг паддзахадон уагдæнттæ – дзæнгæдагæнæндæнттæ фестадæнцæ.

– Нæуæг тæрхондони уагдæнтти сæйраг куст иссæй, загъта-багътатæ.

– Мухури сæребарæдзийнадæ нæ уомæ ’ркодта, æма кæмæн куд æнтæсуй, уотæ дам-думтæ финсунцæ паддзахадон-хецауадон оргæнтæбæл, закъон закъон нæбал æй.

– Фæсарæйнаг дзæгъæлдзори бундорбæл арæзт нæуæг дзæнгæдадзæгъдæн нæ æгириддæр некæми гъæуй.

Уæззау доги ке цæрæн, уомæ гæсгæ нæ еци сор дзубандитæй гъæуй фæййервæзун æма пайдахæссæг гъуддæгутæмæ рахезун.

Косун æма  архайун гъæуй? Архайун бæргæ гъæуй, фал куд, ци хузи мадзæлттæй? Уонæн дзуапп нæййес. Уотемæй ба Победоносцев фæууæлахез æй.

7

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УАЙДÆ!..



Номдзуд зундилæг Хаджа Насреддин, дан, еууæхæни бацудæй, зæронд дзаумæуттæ кæми уæйæ кодтонцæ, уæхæн туканмæ. Уæйæгæнæг адтæй бæгъæнбад, дивилтæ дарæс ибæл.

– Цар дæмæ ес? – фæрсуй æй Насреддин.

– Ес.

– Хæлттæ æма судзийнæ дæмæ ес?

– Ес.

– Хуарæн дæмæ ес?

– Ес.

– Мадта уæд дæхецæн дууæ басмахъи цæмæннæ бахуйис?!.

* * *

*Аци цаумæ гæсгæ зæрдæбæл куд не ’рбалæууонцæ нæ абониккон цардиуаги хабæрттæ. Нæ паддзахади медæгæ еугур гъуддæгутæ дæр тæккæ зæрдæмæдзæугæдæр хузи аразунæн ба нæмæ ци нæййес – æрдзон гъæздугдзийнæдтæ, наукон гæнæнтæ, фæллойнадон фæрæзнитæ æма ма берæ æндæр гæнæнтæ æма равгитæ. Уой дæр иннæ паддзахæдтæй фулдæр. Фал цæмæдæр гæсгæ нæ фулдæрæй-фулдæр æгудзæгдзийнæдтæй фæййервæзунгъон ба нерæнгæ нæма ан. Уогæ бустæги раст нæй, цæмæдæр гæсгæ, зæгъгæ, зæгъун дæр не ’нгъезуй. Хъæбæр хуарз æй ку зонæн, цæй фудæй нæ рæстмæ кæнунцæ нæ цардиуаги гъуддæгутæ – нæ еугур еци равгитæ æма гæнæнтæ ке къохти ’нцæ, етæ сæбæл æргомæй хæлæф кæнунцæ, сæхецæн æма сæ хеуæнттæн си алæмæти цардгъондзийнади уавæртæ аразунцæ. Паддзахади æма хумæтæг дзиллити сагъæс ба сæ гъудий æгириддæр нæй… Æма уой фудæй, нæхуæдтæ ци материалон-техникон фæрæзнитæ аразунгъон ан, уони дæр фæсарæнтæй ласæн, еци гъуддаги сæ уацайрæгтæ иссан. Æвæдзи, зондзинайтæ, паддзахи доги дæр Уæрæсе зæгæлтæ, къæпетæ, пахсатæ æма æндæр уæхæнттæ фæсарæнти  æлхæдта. Æма нур ба уотæ нæй? Кæуйнаг уавæри не ’вæрæн нæхе?..*



**Петр КАПИЦА, советон физик, инженер: «Разамунд дæттун уотæ лæдæрун гъæуй: хуарз адæймæгути косун уадзæ…»**

* * *

Бæргæ уотæ ’й, фал нæ нурикккон цардарæзти хецæндзийнæдтæй еу е æй, æма хуарз, гъома, еумæйаг гъуддæгути фæррæстмæ унбæл рæстуодæй архайунгъон ка ’й, етæ разамунди рауæнтæмæ хæстæг уагъд нæ цæунцæ. Уордигæй сæ еуварс кæнунцæ, сæхуæдтæ косунгъон ка нæй, кенæ косун ке нæ фæндуй, кенæ ба айдагъдæр æхе пайдайæн архайуни фæндитæ кæмæ ес, уæхæн фæлхæрститæ. Æма уæхæнтти ба хуарз адæймæгутæ хъоргæнæг фæуунцæ.



**ЧЖУАН-ЦЗЫ, рагон китайаг зундилæг: «Адæймаги æрдзон менеугутæн раййевæн нæййес, ирисхъæн æййевæн нæййес…»**

* * *

Нæ абони цардиуаги гъуддæгутæ уоййасæбæл ке фудæй нæ рæстмæ кæнунцæ, еци хецауеуæггæнгутæн сæ сахъатдзийнæдтæ сæ æрдзон менеугутæ ’нцæ. Æма син сæ раййевунæн кæд амал нæййес, уæд хуæздæр нæ уидæ уонæн сæхе арæхстгиндæртæй раййевун? Уотемæй, баруагæс уи уæд, нæ ирисхъæн хуæздæрмæ раййевунæн бæлвурдæй равгæ дæр фæззиндзæнæй…



**Публилий СИР, рагон ромаг поэт: «Ци дæ хонунцæ, е неци маруй. Сæйрагдæр æй, æцæгæй ци дæ, е…»**

* * *

Бæргæ-бæргæ, уæхæн лæдæрундзийнадæ ни алкæмæ дæр ку уидæ, уæд нæ царди берæ цидæртæ зингæ зæрдæмæдзæугæдæр уиуонцæ. Алкедæр æргомæй ку лæдæра, ци æй æма æ бон ци æй, уæд архайидæ æ гæнæнтæ æма равгитæмæ гæсгæ, кæми нæ исарæхсдзæнæй, уæхæн бунат байахæссунмæ нæ тундзидæ æма хъоргæнæг некæми уидæ. Фал…

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ТÆХОДУЙАГ – ÆСТЪАЛУТÆМÆ ТУНДЗÆГ!..

Паддзахади медæгæ цардиуаги уавæртæн аргъгæнæг, фиццаги-фиццагидæр, æнцæ ка си цæруй, еци адæм. Æма абони циуавæр аргъгонд цæуй адæми ’рдигæй нæ бæсти размæцудæн, уой исбæлвурд кæнуни фæндæй дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ исаразтонцæ сæрмагонд æрфарст. Ка си архайдта, еци уæрæсейæгтæй алли дуккаги – 52% – гъудимæ гæсгæ, гъуддæгутæ нæ бæсти медæгæ цæунцæ рæстæрдæмæ. Фæлварæ (2022 анзи) ба уотæ гъуди кодтонцæ айдагъдæр 34%, фал нуртæккæ ба аргъгæнæнтæ фенцаддæр æнцæ. Уæрæсейæгтæн сæ фулдæр сæ царди уавæртæ нимайунцæ зæрдæмæдзæугæбæл: уотæ загътонцæ æрфарст адæмæн сæ 56%. Уомæ гæсгæ ба социологтæ искодтонцæ уæхæн хатдзæг: аци фарстабæл дзуапп раттуни размæ уæрæсейæгтæ раздæри рæстæгути хæццæ рабаргæй, æстæндæр расагъæс-басагъæстæ кæнунцæ, нуртæкки бæсти медæгæ æма дуйней уавæртæ цихузæн æнцæ уомæ, уой бæсти федарæй хуæст æнцæ уæхæн зундирахастбæл: «Цард дæхе къохтæмæ райсæ!..»




Рабарунæн ма уин уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан: пандемий тæккæ карз рæстæги сæ царди уавæртæй арази адтæнцæ, уой туххæй ке бафарстонцæ, еци уæрæсейæгтæн сæ 46%.

**Устур Фидибæстон тугъди намусгин архайæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-майор Коберидзе Ермолай Григорийи фурти райгурдбæл 15 апърели æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1904-1974).**

*МАМСУРАТИ Таймураз: «Уодæй федар уо. Хъæбæр зин ниббухсæн ка 'й, уæхæн зин дæбæл ку æрцæуæ кæна, æма дæмæ, алцидæр мæ нихмæ иссæй, зæгъгæ, кæсун ку байдайа – маймаиддæр ма фæккеуæ, фæстæмæцæуæг ма фæууо, дæ бауæр æма уоди еугур хъауритæй дæр федар фæллæууæ, уомæн æма уæхæн уавæрти цард уæддæр фæззелуй хуæздæрæрдæмæ...»*



# «СÆРУСТУР ДÆН МÆ ДОГÆЙ, МÆ АДÆМÆЙ, МÆ ИРИСТОНÆЙ!..»

«Сæрустур дæн мæ догæй, мæ адæмæй, мæ Иристонæй!..» Цæмæй адæймаг уотæ зæгъа, уой туххæй отид дзурдарæхст ун фагæ нæй. Алцæй разæй дæр гъæуй, цæмæй уай дæ доги, дæ адæми, дæ райгурæн Иристони аккаг удгоймаг, дæ сæрустурдзийнадæ гъæуама æвдесай дæ рæстзæрдæй арæзт гъуддæгутæй. Æма, баруагæс уи уæд еци сæрустурдзийнадæмæ кæд еске барæ даруй, уæд уонæн сæ фиццæгтæй æй Мамсурати Дзамбеги фурт Таймураз. Уотæ цæмæн зæгъæн, е ба, махмæ гæсгæ, лæдæрд æй, уомæн æма Мамсурати Таймураз ка 'й æма ци 'й, цæмæй лæгигъæдгун æй æма цæстиварди æй, еугур еци хабæрттæ æргомæй-æргомдæрæй зундгонд æнцæ.

Мамсурати Таймуразæн æ фидæ Дзамбег æма æ мадæ Сипи (Тхостати кизгæ), куд алли ниййерæги дæр, уотæ куд нæ фæндадтайдæ, цæмæй сæ фурт лæгау-лæгæй исгъомбæл уа, куд нæ бæлдтæнцæ, цæмæй царди хуарздзийнадтæй æнхæстæй фæххайгин уа, сæйрагдæр ба – цæмæй адæми 'хсæн нимад уа æ хуæрзæгъдаудзийнадæй æма лæгдзийнадтæй. Бæлдтæнцæ рæстуодæй... Фал, æвæдзи, уой æнгъæл ба нæ адтæнцæ, æма сæ еци бæлдитæ уойласæбæл агъазиауæй исæнхæст удзæнæнцæ, æма сæ фурт, айдагъ нæхемæ Иристони нæ, фал Уæрæсей дæр æма фæсарæнти дæр хъæбæр берæ рауæнти устур кадæ æма нимайундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн удгоймагæй баскъуæлхтдзæнæй.

Мамсурати Таймурази цардвæндаги хабæрттæ дæр хуарз зундгонд æнцæ дзиллæн. Фал си уæддæр кæцидæрти кой ба ракæнæн. Райгурдæй сахар Беслæни 1954 анзи 13 апърели. 1976 анзи каст фæцæй Цæгат Иристони Кавказаг хуæнхонметаллургион институти промышленном æма граждайнаг арæзтади факультет. Æ фæллойнадон над райдæдта трест «Севкавказэлеваторстрой»-и къабæзтæй еу хайади мастерæй.

Уæдмæ 'й байагурдтонцæ фæскомцæдесон кустмæ. Æма уотемæй æхсæнадонполитикон æма паддзахадон архайд иссæй æ царди сæйраг гъуддаг, кæцими нерæнгæ дæр ма æнтæстгинæй архайуй. Æма еци къабæзти къæпхæнгай иссудæй уæлиау рауæнтæмæ. Æ рæстæги æвзурст æрцудæй фæскомцæдеси обкоми фиццаг секретарæй. Æ архайд цæйбæрцæбæл арæхстгин адтæй, уомæн ба ирд æвдесæн æй е, æма еци æригонæй æй советон æма партион къабæзти бæрнон разамунддæттæн бунæтти нисан кæнун ке байдæдтонцæ, е.

Райдайæни сæхемæ Рахесфарси районы, уой фæсте ба республикон хецаудзийнади. Зæгъæн, адтæй Цæгат Иристони Парламенти Сæрдар, 2005 анзи 7 июни ба республики Парламенти депутаттæ æмгъæлæсæй исарази 'нцæ Уæрæсей Президент Владимир Путини фæндæбæл æма Мамсурати Таймураз æвзурст æрцудæй нæ республики Сæргълæууæгæй.

Зин рæстæгути имæ æрхаудтæй еци бæрнон ихæс, фал имæ разиндтæй хъаурæ æма нифс, уой æнтæстгинæй æнхæст кæнунæн. Иристони адæм алкæддæр æма алли гъуддаги дæр сæ сæрæнд-зийнадæ æвдистонцæ æма æвдесунцæ устур æма арфиаг гъуддæгутæй. Уомæ гæсгæ ба, æвæдзи, уæхæн адæми сæргъи разамонæгæн зиндæр æй – уомæн æма æ карнæмæ бæрнон цæстингасæй кæсæг адæм уæлдай домагæдæр æнцæ сæ разамонæгмæ. Еунæг уой зæгъæн æма Мамсури-фурт Цæгат Иристони Сæргълæууæг уогæй дæр, архайдта æма нур дæр архайуй, Федералон Æмбурди Федераций Совети иуонг нæ республики номæй уогæй, æ фæткæ аразуй, кæддæр æхуæдæг ци гъуди загъта, уомæ гæсгæ: «Гъæуама ни алкедæр тундза æ наций кадæ уæлдæр кæнунмæ, наций бон ба уа кæддæриддæр æмдогон, дуйнеуон цивилизаций райрæзти æмвæзи уни хæццæ ба æнæмæнгæ – хуæдбундор æма хе æрмдзæфи хæццæ...»

Цæмæй æцæгæйдæр уотæ уа, уобæл æй, ку зæгъæн, Мамсури-фурти аллибони архайд. Куд æма ин ци æнтæсуй – уой ба уæхуæдтæ уинетæ æма аргъ кæнетæ...

Æцæг еунæг уой зæгъуйнаг ан, æма Мамсурати Таймурази, куд нæ республики раздæри разамонæги туххæй дзубанди ку рацæуй, уæд фулдæрæй-фулдæрей хабæрттæмæ æма уавæртæмæ кæдзос зæрдиуагæй соцъагæнæг æма хæрангонд ка нæй, уони гъуди фæууй: арæхстгин æма аккаг, федар æма раст, æхемæ ихæстæ бæрнонæй ка иста æма сæ бæрнонæй ка æнхæст кодта, уæхæн разамонæг адтæй.

Мах ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма Мамсурати Таймураз цардиуаги дæр хумæтæг, æцæг ирон хуæрзæгъдаудзийнадæй æнхæст, багъæуаги бавдесуй уоди кæддзосдзийнадæ æма федардзийнади, зунди хъаурæ æма фæразундзийнадæ. Идæрдтæбæл нæ дзордзинан. Æримисæн, инсæй анзей размæ, 2004 анзи фиццаг сентябри Беслæни фиццаг скъолай террористти къуар ци æвверхъаудзийнадæ исаразтонцæ, уой. Уæд иннæ амæнæтти хæццæ лæгмарти къохти бахаудтæнцæ Таймурази кизгæ æма биццеу дæр. Æма уой ку иской кодтонцæ, гъома, гæнæн æма амал ес, дæ сувæллæнтти урдигæй ракæнун, уæд хъæбæр карзæй фæккæрон кодта уæхæн дзубандитæн. Æ уоди кæдзосдзийнадæ ин зонгæй, федарæй ни æруагæс кæнуй, банимадта 'й æностæмæ дæр æхецæн ке нæ нихxатир кæндзæнæй, уæхæн æнаккаг миуæбæл. Уæхæн уавæри ин уæхæн загъд зæгъун цæйбæрцæбæл зин адтæй, уой, æвæдзи, æхе уодæй бæлвурддæр неке зонуй... Уæдта ни алкедæр æхе уой уавæри нивæрæд æма ни 'й алкедæр уæд балæдæрдзæнæй... Хуцауæй арази, æ сувæллæнттæ кæд гъигæдард байфафтонцæ, уæддæр кутемæйдæрти фæййервазтæнцæ. Æма абони хуæрзарæхстгинæй кæнунцæ сæ царди хабæрттæ. Нæ зонæн, фал уотæ æнгъæл ан, æма сæ фиди уæди унаффæй гъæуама сæрустур уонцæ.

Мадта гурдзиаг тогмондаг æфсæдтæ сæ фудвæндити хæццæ Хонсар Иристонмæ ку 'рбалæбурдтонцæ, уæддæр Мамсурати Таймураз уордæмæ фиццæгти хæццæ фæффæдесон æй. Берæ агъазиау гъуддæгутæ исаразун ин бантæстæй æрбалæборæг знагæн карз нихкъуæрд раттунæн.

Цийфæнди устур паддзахадон куститæ кæнгæй дæр, Таймураз æ адæми аллибони царди гъуддæгутæй æхе некæд разилдта иннердæмæ. Рæстæг иссеруй цийни гъуддæгутæн, зиангинти рази балæуунæн.

* * *

Сæрустур дæн мæ догæй, зæгъгæ, Мамсурати Таймураз уотид рæсугъд загъди тухxæй нæ фæззæгъуй. Е æцæгæйдæр аккаг аргъ кæнуй, ци рæстæгути ин цæргæ æма косгæ рауадæй, уонæн. Кадæртæ, ести рæстæгути равгитæй сæхе хуарзæн хъæбæр æнхæстæй ка фæппайда кодта, етæ абони ба, ку нæбал сæ гъæунцæ, уæд син сæ фудкойтæ кæнунцæ. Фал Таймураз ба уоййасæбæл рæстзæрдæ æма цæсгонгин адæймаг æй, æма еци рæстæгути хабæртти кой фæккæнуй цитгинæй. Зæгъæн, æ фæскомцæдесон æнзти тухxæй. Уотæ сæ имисуй:

– Фæскомцæдес алкæддæр адтæй æхсæнади ахсгиагдæр хæйттæй, кæций рæнгъити алкæддæр адтæнцæ фулдæр нæ фæсевæди хуæздæртæ. Фæскомцæдесæн адтæй æхе уагæвæрд, æхе нисантæ, æгъдау æма фæткæ.

Гъай-гъай, æхсæнадон организаци уогæй, уобæл дæр æнæ фæззингæ куд нæ адтайуонцæ æхсæнади уæди сахъаттæ. Бюрократизм, карьеризм, цъухxæссæнтæ æма ардауæнтæ – аци æма æндæр гъæндзийнæдтæ адтæнцæ æхсæнади, адтæнцæ фæскомцæдеси медæгæ дæр, уæлдайдæр ба «фæскомцæдесон» чиновникти фалдзос. Еци менеугутæ кæд адтæнцæ, уæддæр етæ æгириддæр нæ ниййауон кæндзæнæнцæ, фæскомцæдеси ка архайдта кæдзос зæрдæй, еци фæлтæрти минæвæрттæй алке зæрди дæр ци рохсдзийнадæ байзадæй, уой.

Еци рохсдзийнадæ ба фиццагидæр æй уæди фæскомцæдесонти æнæ хепайдадзийнадæ, сæ кæдзос уодти кæдзос тундзундзийнадæ, Райгурæн бæстæ багъæуай кæнунмæ цæттæдзийнадæ – етæ дзæгъæл дзубандитæ нæ адтæнцæ. Гъо, адтæй цидæр æнæбунати миутæ дæр, фал æгириддæр неке ес барæ уотæ дзорунæн: «Цæй фæскомцæдес, цæй Днепрогэс, цæй БАМ-тæ – етæ еугурæйдæр адтæнцæ ахæстити фæрци...» Нæкæси, ахæститæ дæр уотид гъæуама ма бадонцæ ахæстдæнтти паддзахадон бюджети харзæй. Етæ дæр гъæуама косгæ кæнонцæ – уотæ 'й алли паддзахади æгъдæуттæмæ гæсгæ. Фал мæ дзубанди нуртæккæ уобæл æй æма ахæститæ нæ, фал бæлвурдæй фæскомцæдесонтæ архайдтонцæ нæ бæсти тæккæ ахсгиагдæр цаутæ æма хабæртти, æма архайгæ ба кодтонцæ æнæбари нæ, фал сæ зæрдити фæндæй, барвæндонæй. Уомæн хъæбæр берæ дæнцæнтæ ес, куд æнæгъæнæйдæр ФÆЛКЦ-и, уотæ цæгатиристойнаг фæскомцæдеси историй. Хумæтæги нæй е дæр, æма Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, бæсти иннæ адæмти хæццæ ку рабарæн, уæд нæ бæрцæмæ гæсгæ мах адæми минæвæрттæй еугуремæй фулдæремæн лæвæрд æрцудæй.

Мæнæн фæскомцæдес æй уæхæн лæгæввзарæн рæстæг, кæци æнæмæнгæ гъудæй, уомæн æма е адтæй адæймагæн æ цард райаразуни тухxæй дессаги фæлтæрддзийнадæ ка лæвардта, уæхæн фадуат, сæйрагдæр ба – адæймаг си гъомбæл кодта æхемæ бæрнондзийнадæ есуни бундорбæл, уæхæн менеуæг, кæци гъæуама уа абони æригæнттæмæ дæр.

Æз сæрустур дæн, æгайтима мин фадуат фæцæй фæскомцæдеси рæнгъити фæууни æма мин зин æй, нуртæкки еци организаци ке нæбал æй, е. Фал æз уæхæн адæймаг нæ дæн, кæци дуйнебæл цидæриддæр ес, уони æлгъетуй, ФÆЛКЦ ке нæбал æй, уомæ гæсгæ.

Æвæдзи, нæ царди алцидæр цæуй диалектики закъонтæмæ гæсгæ, алцидæр фæззиннуй æма цæруй бæрæг рæстæгути уалæнгæ, уæдта райевгъуйуй.

Фæсевæд нуртæккæ еу кæнуй æндæр цæмæдæрттæмæ гæсгæ – фæйнæхузи монцтæ – территориалон принциптæ, наукон интерестæ, динмæ рахастдзийнæдтæ. Фал нæ историй уæхæн вазуггин цаутæбæл, куд ФÆЛКЦ-и архайд, раханхæ кæнун ба раст нæй. Нæ бæсти истори æцæгæй куд адтæй, уой рæстдзийнадæ, æ берæ хуарздзийнæдтæ ин римæхсгæй, нуриккон «историктæ» махæн нæ зæрди ахиддæр æфтаунцæ лæгъуздæр цаутæ: репресситæ кæци æнзти адтæнцæ, дефолт кæци анз адтæй æма кæци анзи цидæр нæгъуз, кенæ рæдуди хузи конд æрцудæй... Уæхæн агъазиау цаутæ ба, куд фæскомцæдеси 90-анзей юбилей, иронхуати райзайунцæ. Æз сæрмагонд Указ бафинстон, кæцимæ гæсгæ мах республики еци бæрæгбон кадгин уавæри бæрæггонд æрцудæй, адæми зæрдæ си барохс æй.

* * *

Хуарз зундгонд æй е дæр, æма Мамсурати Таймураз æгириддæр нæ ларзуй, æстаунтæ 'й ку байдайунцæ, уой. Фал абони, раст ци куд æй æма нæ арфи аккаг ци æй, уой куд нæ зæгъæн. Æма нин нæ абони дзубанди дæр гъæуама еци хузи балæдæра. Мах ба ин æ юбилейи фæдбæл арфити хæццæ зæгъæн:

– Æцæг мæсугамайæг ди рауайун кодта Хуцау, æма нæ уарзон Иристони мæсуг федарæй-федардæр кæнис дæ арфиаг гъуддæгути къæйдортæй. Æма ди боз æма сæрустур ан.

*Республикон газет «Дигори» редакций коллектив*



Таймуразі нийергутæ Дзамбег æма Сипæ.



Таймураз æ сувæллони бонти.

# «ДÆ БИЙНОНТÆ – ДÆ ФИЦЦАГ ФИДИБÆСТÆ. СÆ НИМАЙУН – ДÆ СÆЙРАГ ИХÆС...»

Мамсурати Таймураз уæрæсейаг æхсæнадон-политикон царди ци зингæ бунат ахæссуй, уомæ гæсгæ 'й ахид багъæуй информацион фæрæзнити минæвæртти аллихузон фарстати фæдбæл дзуæппитæ дæттун. Ци гъудитæ фæззæгъуй, етæ æнæгъæнæйдæр бæргæ цæмæдесаг æнцæ, фал сæ еугурей ниммухур кæнуни фадуат нин абони нæйиес, уомæ гæсгæ ба си æрхæсдзинан еуцалдæр. Аци анз Уæрæсей бийнонти Анзбæл нимад ке цæуй, уомæ гæсгæ ба нæ райдайун фæндуй, Таймураз æ фидтæлтæ, æ нийиергутæ, æ бийнонтæ æ царди куд ахсгиаг бунат ахæссунцæ, уой фæдбæл æ зæгъуйнæгтæй.

– Мæ мадæ Сипæн æ кизгон муггаг адтæй Тхостатæй, Иристони кадгиндæр муггæгтæй еу – зæгъуй Таймураз. – Æ царди над рауадæй уæззау. Нæма райгурдæй, уотемæй æ фидæ рамардæй. Анз æма æрдæги фæсте, дзедзедай сувæллон ма адтæй, уотемæй ба рамардæй æ мадæ дæр.

Еци уæззау рæстæгути бустаги седзæрæй, æнæ дарæгæй райзайæ, уæд бийнонтæн æнæ фæххæлеу уæн нæ адтæй: æма мæ мадæ, е 'нсувæр æма æ хестæр хуæри хæстæгутæбæл райурстонцæ. Берæ рæстæги мæ мадæ зонгæ дæр нæ кодта, хуæрæ æма ин æнсувæр ке ес, уой. Тугъди размæ мæ мадæ æ хæстæгутæмæ цардæй, æма уотæ нимадта е æй е 'цæг хæдзарæ, æ нийиергутæ, æ хуæртæ 'нцæ. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд уавæр рабæрæг æй... е 'нсувæрбæл æдеугурæй æвддæс анзи ке цудæй, уой цæстæмæ не 'рдаргæй, уотемæй æ сæрбæл исдзорæг кæмæн нæ адтæй, еци седзæр бицдеуи æфсадмæ ракодтонцæ, цæмæй æй е 'мгъудæй раздæр тугъдмæ рарветонцæ – еци рæстæгути дæр æфсæддон комиссариаттæ, æвæдзи, фудзунд миутæ кодтонцæ. Е уæд æхемæ æрбакодта мæ мади, кæцибæл уæд цудæй еуæндæс анзи, æма хестæр хуæри, æртиндæсанздзуд Зарети базонгæ сæ кодта æма син загъта: «Сумах хуæртæ айтæ, æз ба уе 'нсувæр, айæ ба æй нæ фиди хæдзарæ...» Æ карæмæ гæсгæ, æвæдзи, лæдæргæ кæми кодта, тугъд ци 'й, уой. Æма син бафæдзахста: «Мæн фронтмæ кæнунцæ. Колхози мин равардтонцæ фондз голлаги нартихуар. Цалинмæ æз тугъди уон, æма æздæхон, уæдмæ бал уин фагæ уодзæнæй. Ами цæретæ æма мæ хезетæ».

Куд ибæл нæ баууæндтайуонцæ æ хуæртæ, фал – карнæ æгъатир æй! Фæссайдта сæ. Тугъдмæ рандæуни фæсте си неци хабар бал адтæй, æнæбæрæги фесавдæй. Кизгуттæ еунæгæй байзадæнцæ сæ фиди хæдзари. Гъе уотемæй сæ царди хабар кодтонцæ.

Мæ мадæ ахур кæнун дæр бæргæ æвзурста, фал ин си неци рауадæй. Æма уоми дессагæй неци ес: сæ уавæр уотæ тухст адтæй, æма сæхебæл ци искодтайуонцæ, уомæй син адтæй айдагъдæр рæуæг уалдзигон хъæппæлтæ. Æма уæхæн дарæси зуймон уазали кумæ рацæуидзæнæнцæ?!. Уомæ гæсгæ, кæд æй хъæбæр фæндæ адтæй, уæддæр мæ мадæ кæсун æма финсун дæр хузæнон нæ базудта: хестæр хуæрæ цалинмæ колхози куста, хуаллаг фагæ амал кодта, уæдмæ кæстæри рагъи ба хæдзари гъуддæгутæ адтæнцæ. Уой фæсте ба мæ мадæ косун райдæдта агоригæнæн заводи, телæй æргъæ лух кодта агоритæн. Уæдта киндзи æрцудæй æма æ бийнонти сагъæстæй цардæй.

**– Дæ мади зæрдихатти менеугутæй дæмæ ци ес?**

– Нæ зонун. Мæ бон айдагъдæр уой зæгъун æй, æма е мæнæн адтæй æма алкæддæр уодзæнæй тæккæ хуæздæр, зæрдхæлар æма рæстуод адæймаг. Уæхæн зин цард ка бавзурста, еци адæймæгутæ рæстдзийнади æнкъарæнтæ уæлдай хæстæгдæр есунцæ сæ зæрдитæмæ. Мæ мадæ дæр, ести минкъий æведауцæ хабар ку базонидæ, уæд хъæбæр истингун уидæ. Зæгъæн, кедæр æвудæй бафхуардтонцæ кенæ кæмæндæр æ раст гъуддаг бакъулумпи кодтонцæ, уæд алци бакæнунмæ дæр цæттæ адтæй, цæмæй рæстдзийнадæ фæуууæлахез уа.

**– Дæ фиди хæццæ сæмæ ести æмхузондзийнадæ адтæй?**

– Уотæ нæ зæгъдзæнæн, æма æмхузон адтæнцæ. Мæ фидæ адтæй карзгомау, æцæг ирон лæг, хæдзари æцæг хецау. Æма мæ цæсти, уæдта мæ хуæри цæсти ин, куд дзурддзæугæ лæг, уотæ устур кадæ ке адтæй, е ба адтæй нæ мади фæрци.

**– Дæ киунуги куд финсис: «Уæхæн нийиергутæй боз ун хуæрзæнцон æй, æма дæ ихæс ба 'й аккаг нимайундзийнадæ, кадæ æма цитæ кæнун...»**

– Нæ мадæ алцидæр уотæ кодта, цæмæй фæррæдуйунæй, фæхходуйнаг унæй, нæхе гъæуай кæнæн, уомæн æма нæ нæ фидæ карзæй бафхуардтайдæ... Уотемæй нæ аразта раст надбæл, нæ фидæн кадæ кæнунбæл.

**– Еугæр нæ дзубанди рацудæй хестæртæ æма кæстæрти 'хсæн рахастдзийнæдти туххæй, уæд, махмæ гæсгæ, ахсгиаг уодзæнæй дæ киунугæй еума гъуди зæрдæбæл æрлæууун кæнун. Ду финсис, гъома, хестæртæй кадæртæ уарзунцæ сæхе æригондзийнади рæстæгутæ æстаун, нури догæ ба сæ зæрдæмæ нæ цæуй æма дугъ-дугъ кæнунцæ. Æз дæр, зæгъис, нур уæхæн хебæлæнвæрсуни къæсæрбæл æрлæудтæн, зæгъгæ 'й лæдæрун, мæ фæлтæр цума хуæздæр æма аккагдæр адтæнцæ, уотæ мæмæ кæсуй. Æма дæмæ нур дæр ма уотæ кæсуй æви дæ гъуди райййивтай?**



МАМСУРАТИ Таймураз хайгин æй бийнонти амондæй дæр. Æ цардæмбал Ларисi (Зæнгиати Габоций кизгæ) хæццæ исгъомбæл кодтонцæ æртæ кизги æма фурт. Уонæй абони алкедæр арæхстгинæй æнхæст кæнуй æ карни хабæрттæ. Ларисæ æхуæдæг ба косуй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл университети ахургæнæгæй, устур кадæ ин ес е 'мгустгæнгути 'хсæн дæр æма студентти 'рдигæй дæр. Аци къарæ раги ист æрцудæй, æма си Ларисæ æй сæ цæуæтæй айдагъдæр æртей хæццæ.

– Куд фæззæгъунцæ, е æносон фарста æй. Ка 'й зонуй, мах фæсте дæр уотæ дзордзæнæнцæ. Фал æз ба уотæ гъуди кæнун. Æригондзийнадæ уæхæн уагæ æй æма ибæл зин дзорæн æй фæрсæй кæсгæй. Фæсевæдæй ку уай, айдагъдæр æй уæд балæдæрдзæнæ, ци 'й, уой. Хумæтæги нæй е дæр, æма æрдзи цидæриддæр исæнтæстæй, етæ сæ райрæзти рацæуунцæ цалдæр къæпхæней сæрти. Уотæ æхсæнадон царди фæззиндтитæ дæр – алцæмæн дæр ес райдайæн, ес ин кæрон.

Кæд уотæ зæгъун æнгъезуй, уæд æз уобæл æнкъард кæнун æма ме 'ригон æнзтæ ке райевгъудæнцæ. Уогæ цæйбæрцæдæр æнзтæ дæбæл цæуа, уæддæр гъæуама адæймаг зæрдæй уа æвзонг. Æз уотæ нæ гъуди кæнун æма нури фæсевæд махæй лæгъуздæр æнцæ. Етæ ци уавæрти исирæзтæнцæ, уонæй, уæхуæдтæ 'й зонетæ, зæгъун æнгъезуй куд фурæмæнтъери, фудхæлхъой æма фурхъеллау уавæртæ.

Нуртæккæ махæн нæ цард, нæ дуйне æй æндæрхузон – цæмæйдæр хуарз, цæмæйдæрти ба – карз æма æнæхатир.

Мах дæр, куд раздæри фæлтæртæ, уотæ æнцон уавæрти нæ цардан, мах дæр берæ нæхъæртондзийнæдтæ æвзурстан. Фал нæ ервæзунгæнæг адтæнцæ нæ еудзийнадæ, æмæзмæлд, кæрæдземæн агъазгæнæг æма фæххуæцæг ке адтан, е.

**– Дæ адæми историйæй кæци догæй хъæбæрдæр сæрустур дæ?**

– Мæ адæми еугур историйæй дæр æз сæрустур дæн: æ тæккæ уæззаудæр рæстæгутæй дæр æма æ уæлахезтæй дæр. Æз бауæрæй дæр æма тогæй дæр мæ адæмæй дæн, æма уомæ гæсгæ мæ бон нæй, уæдта 'й мæхецæн аккаг дæр нæ кæнун нæхе истори тæрхæгутæбæл рацурхæбацурхæ кæнæ - айæ бæззуй, айæ ба нæ бæззуй, зæгъгæ. Зин ку уидæ, уæд мæ адæммæ еци еугур зиндзийнæдтæн бафæразун æма сæ сæрти бахезунмæ хъаурæ æма нифс разиннидæ æма æз уомæй сæрустур дæн; сæрустур дæн мæ адæми уæлахезтæй дæр.

**– Фурт исгъомбæл кодтай, хæдзарæ дæр исараздтай, бæласæ ба ниссагътай?..**

– Бæлæстæ уалдзæги ниссадзун нæхемæ, Беслæни, мæ фиди уæзæги…

**– Таймураз, махмæ уотæ кæсуй, æма бæлæстæ дæ дзæхæрай ке ниссадзис, е арфиаг гъуддаг æй. Фал никки арфиагдæр ба е æй, æма дæ уарзон Иристони цардарæзти хуæрзамонди цардгъон бæлæстæ ке садзис дæ аллибони хъазауатæй, е. Æма еци устур дзæхæрай – Иристони цардиуаги – ма дин берæ федауцæ гъуддæгути рæсугъд бæлæстæ ниссадзун куд бантæса, сæ еугурей уедæгтæ дæр куд ниццæфсонцæ æма деденæг куд ракалонцæ, алæмæти адæмæн фарнæхæссæг рæзæдонæ си куд рауайа, уæхæн амонд уæд дæу дæр æма мах дæр.**

***МАМСУРАТИ Таймураз: «Дæ адæми хуæздæр менеугутæ исахур кæнуни надбæл дæ размæ исæвзурдзæнæнцæ аллихузон хе æма æхсæнадон уавæрти цæлхдортæ. Е уодзæнæй дæ кæдзос фæндити æма бæллецтти фæлварæн. Фал дæ кæд æцæгæйдæр дæ адæмæн, дæ бийнонтæн, дæхецæн хуарздзийнадæ искæнун фæндуй, уæд æнæмæнгæ фæххæстæгдæр уодзæнæ дæ нисанмæ...»***



**МАМСУРАТИ Таймураз зæрдиагæй фембæлуй фæсевæди хæццæ, æргомæй фæдздзубанди кæнунцæ аллихузон цардиуагон фарстати фæдбæл.**

# ДÆ КАРНИ МÆСУГ РÆСТУОДÆЙ, ФАРНÆХÆССÆГ ГЪУДДÆГУТÆЙ АМАЙÆ!..

*Мæнæ раздæр куд загътан, уотемæй цалдæр анзей размæ мухури рацудæй Мамсурати Таймурази уоварнон сагъæстæ æма гъудити киунугæ «Дæ мæсыг самай». Кæд дууæ хатти уагъд æрцудæй, уæддæр ин нуртæккæ балхæнунæн некæми ес иссерæн. Æма си цæй туххæй дзубанди цæуй, етæ ба, махмæ гæсгæ, цæмæдесаг уодзæнæнцæ нæ газеткæсгутæн. Уомæ гæсгæ ба си абони мухур кæнæн киунугæн æ раздзурд, уæдта хецæн гъудитæ.*

Рæстæг куд цæуй, уотæ адæймаг ахиддæр гъуди кæнуй, кæми ес бунат ирон лæги хуæрзæгъдау удигъæдæн нæуæг доги? Кутемæй ес исбæрæг кæнæн æ ахедундзийнадæ æма нисанеуæг раййевгæ дуйней?

Уæдта, циуавæр уодзæнæй XXI æнос æхуæдæг ба? Мах æ къæсæрæй бахизтан, фал нæ алфамбулай нæма ракастан. Æнхæст ин нæма лæдæрæн æ нæуæгдзийнадæ, хуæдбарæдзийнадæ æма, ка 'й зонуй, æхцæуæн ка нæ уодзæнæй, уæхæн гъуддæгутæ дæр.

Куд цæрунмæ гъавæн идарддæр, нæ алфамбулай дуйне дæсгай æнзти еу хатт нæ, фал аллианз дæр ку æййева, уæд? Аци фарстатæн нурма дзуæппитæ нæма ес. Фал бæлвурд æй еу гъуддаг: дуйне æййевунади уæхæн тагъдцудæн еунæг нуриккон бæстæ дæр æма еунæг абони културæ дæр нæ бафæраздзæнæй. Берæ æййивддзийнæдтæ æрцæуудзæнæй културi, политики, экономики; гæнæн ес, æма раййева нæ цæстингас, хуарз ци æй æма лæгъуз ци æй, уомæ, нæ алфамбулай æрдзæ æма адæймаги хуарз менеугутæмæ. Фал етæ куд цæудзæнæнцæ, е зин зæгъæн æй.

Фиццагидæр, адæймаги ци гъæуй, е – тагъдæййевагæ дуйней цаутæмæ къæрцгъосдæр ун æма си хатдзæгтæ кæнун. Уомæн, æма раздæр нæуæгдзийнæдтæ хъæрдтæнцæ цалдæр фæлтæребæл, уонæй алкæци дæр æхебæл, æ хъисмæтбæл, æ цардиуагæбæл минкъийдæр æвзурста еци æййивддзийнæдтæ.

Æрцæуудзæнæй агъазиау æййивддзийнæдтæ – æцæг æййивддзийнæдтæ. Уони хæццæ рабаргæй, горбачевти æма ельцинти райарæзтитæ зиндзæнæнцæ хе адæмæй æма паддзахадæй гиризгæнæгау.

Ирæзти нæуæг уолæнæн нецихузи ес бауорамæн. Фал гæнæн ес, æма, нуртæккæ зæнхæбæл ци адæмихæттитæ цæруй, уонæй кæцидæр бустæги фесæфа. Ци гъæуй исаразун, цæмæй наци ма батайа адæмти агъазиау «мулдзугути зобати» æма ма фæдздзæгъæл уа историй фæсвæд нæдтæбæл? Тæккæ фиццаг, гъæуама алкедæр æ меддуйне бацæттæ кæна æнахур æндагон æййивддзийнæдтæ банкъарунмæ. Уомæ тæккæ цубурдæр æма растдæр над – хе уедæгтæмæ раздæхун, нæ рагфидтæлти удигъæди кæддзосдзийнадæбæл æнцойнæ кæнгæй.

Æхседгæ интернационалисттæ æма, хе иннетæй æндæдæр кæнуни нихмæ ка 'й, еци ирæнттæ гъæуама балæдæронцæ, бæстæ æма æхсæнадæ цийфæнди хузи ку ирæзонцæ, уæддæр наций фæллойнæ æма искурдиадæ æнхæстдæрæй æма æхцæуæндæрæй гъæунцæ айдагъдæр ами, нæхемæ, нæхе удигъæди æма културi хæзнати 'хсæн куд уонцæ, уотемæй.

Æности дæргъи ирæнтти алли фæлтæрæн дæр тæссаг адтæй иннæ адæмти 'хсæн батайунæй кенæ бустæгидæр фесæфунæй. Цæмæй еци гъуддаг ма 'рцудайдæ, уой туххæй адтæнцæ хебæлхуæцгæ æма æгъдаубæлхуæст, кæрæдземæ игъустонцæ, кæстæрти ахур кодтонцæ, сæхе алли уавæрти куд дарун гъæуй, уобæл.

Еци æвууæлтæй æнцæ, зæнхи цъарæбæл зингæдæр ци адæмтæ ес, уони æнгæс, æма уæхæнæй гъæуама байзайуонцæ абони дæр, дæсгай æнзти æма æности фæсте дæр.

Ка 'й зонуй, уæхæн адæймæгутæ дæр разинна, уотæ ка зæгъдзæнæй: феронх кæнæ еци традицион хæзнатæ, сæ рæстæг раги фæцæй. Гæрр, нæ 'й уинис – æдзæсгæнттæ, хийнæ, зудæ æма сайæгойтæ царди сойнитæ æмбурд кæнунцæ, ахæссунцæ бæрзонд къæлæтгинтæ æма гъæздугæй-гъæздугдæр кæнунцæ?

Сагъæс кæнæ æма дæхуæдæг æвзарæ. Æз ба мæ дзубанди идарддæр кæнон.

Хестæртæ уарзунцæ се 'ригони бонтæй æппæлун æма абони рæстæг фаун. Уотæ адтæй æртæ мин анзей размæ, уотæ 'й абони æма, æвæдзи, уодзæнæй исонибони дæр. Мæхуæдæг дæр уæхæн зундбæл хуæст дæн, уомæн æма мæмæ уотæ кæсуй, цума мæ фæлтæр хуæздæр æма аккагдæр адтæй; хъазар мин æнцæ, хуæрзæригон æма алцæбæл æвуæндагæ, æнæмæтæ æма амондгун ку адтæн, еци æнзтæ. Фал алли фæлтæрæн дæр æхе карнæ, æхе над ес...

Дзорун фæсевæдмæ æма æригон нæлгоймæгтæмæ. Уæ алкæмæ дæр. Дæумæ, æригон адæймаг. Аци киунугæй ци базонай, е дæуæй берæ æностæ хестæр æй, уомæ гæсгæ лæмбунæг æркæсæ æма расагъæс кæнæ, дæ зæрдæмæ хæстæг æма дин лæдæрдгонд æнцæ нæ гъудитæ æви нæ, уобæл.

Æности æма мингай æнзти дæргъи национ културæ, историон таурæхътæ, ирон цардиуагæ хæзнайау ци нæлгоймаги фæнзуйнаг менеугутæ багъæуай кодтонцæ, етæ дæмæ ку уиуонцæ, уæд дин уайдæ устур кадæ æма намус.

Нуриккон дуйнеæвæруйнади уавæрти сæбæл ма исустурзæрдæ уо æнæзундгонд XXI æноси къæсæрбæл.

Ирон лæги еугур хуарз менеугутæй хайгин ун бæллеццаг гъуддаг æй, фал уомæн гæнæн нæййес. Алцæмæй æнхæст адæймаг некæд адтæй, уæдта уогæ дæр нæ уодзæнæй. Хузæнон уагæбæл хедаруни менеугутæ алкæддæр æнæрафауйнаг æнцæ, уомæ гæсгæ сæмæ хæстæг бацæун зин æй.

Фал уони сæ еугурей дæр ку лæдæрай, уæд дæ царди надбæл цæудзæнæ æдасæй, æнæфæккеугæй, æгади бунати некæд уодзæнæ. Е дæ рæдуйун нæ бауадздзæнæй, не 'гъдæуттæ æнхæст кæнгæй, уомæн æма æнæраст гъуддаг æнкъардзæнæ зæрдæй.

Баруагæс ди уæд – æнæргъуди историон миуæ уидæ, мингай æнзти фæлтæрддзийнадæ дæмæ уæд æма алли дууин-æртин анзи фæсте алцидæр нæуæгæй райдайæ.

Уомæ гæсгæ, цалинмæ æригон дæ, уæдмæ фæразон æма æновуд уо, байархайæ, цæмæй еци хуарз менеугутæй фæххайгин уай. Исаразæ си дæ тугъдон мæсуг – федар удигъæдæ æма рæсугъд зæрди нисан!

Рæствæндаг уо!

___

Æцæг ахури бундор уой медæги нæй, æма цæстиахедгæ диплом райсай, ахур кæнун гъæуй еудадзуг, аллибон дæр ести нæуæгдзийнадæ куд зонай, уой хæццæ, ахуради ци бæрзæндтæмæ исхизтæ, уомæ нæ кæсгæй.

___

Гъæуама дин кæнгæ хузæ ма уа, фал æрдзон, уæдта дæ цæсгонбæл æдулий фæд ма зинна, фал æцæг игъæлдзæг æнгас.

___

Архайæ дæхе туххæй минкъийдæр дзорунбæл. Не 'рдзон сæрустурдзийнадæ æма кадæуарзондзийнадæмæ уæхæн менеуæг ес, æма еудадзугдæр æндæмæ æмпурсунцæ. Циуавæрфæнди менеугутæ дæмæ ку уа, уæддæр сæ адæм сæхуæдтæ базондзæнæнцæ. Дæ дзубандибæл дин неке бауæнддзæнæй.

___

Хуарз дин ка ракодта, уомæн хуарз ку ракæнай, уæд уотæ ма æнгъæлæ, æма дæ ихæс бафистай. Дæ царди фæстаг бонтæмæ дæ зæрдæбæл дарæ, ескæд дин ести хуарздзийнадæ ка ракодта, уони.

___

Гъуди æ маддæлон æвзагбæл ка нæ кæнуй, æ райгурæн уедæгти тухæ арф ка не 'нкъаруй, æ фидтæлти æносон курухондзийнадæбæл ка не 'нцайуй, еци æригон адæймаг æхе гъæуама иронбæл ма нимайа...

___

Иуазæгæн кадæ искæнун ирон лæгæн хебарæ гъуддаг нæй, фал – ихæс. Еци ихæс алкæддæр æнхæст кæнæ зæрдиагæй, дæ иуазæгæн æгасцæуай зæгъæ игъæлдзæгæй æма зæрдрохсæй.

___

Лæмбунæг игъосæ æма дæ зæрдæбæл бадарæ бийнонти æма муггаги таурæхътæ. Зонæ, кæцæй рацудтæ, уой, уæдта дæ муггаги хуæздæр минæвæртти нæмттæ.

___

Кæд айдагъдæр æнæдастæй цæунæй æвдесуй æ гъигæ фудæнхи бон ирон лæг, уæд е раст нæй.

___

Бæллæ дæ хестæрæн, нæлгоймаг уа кенæ силгоймаг, балæггадæ кæнунмæ. Уой кæнæ зæрдиагæй, ауодгæй.

___

Еунæг кадгин Хуцау адæмти исфæлдиста аллихузæнттæй уомæн, цæмæй еуетæ зононцæ иннети æма кæрæдземæй сæрустур уонцæ.

Фал æцæг адæймаги удигъæдæ банкъарæн ес айдагъдæр æ аккаг менеугутæй, рæсугъд гъудитæ æма æвзугъд нифсæй...

___

Дæ рази еске ку фæхходуйнаг уа, æ кадæ ку фæккеуа – уайтæкки ди феронх уæд еци хабар, ци фæууидтай æма ци фегъустай, уой макæд макæмæн радзорæ.

___

Лæгдзийнади æвдесæн сонт мæстгун гæппитæ нæ 'нцæ, фал æхе уорамæн, масти фæдбæл нæ цæун.

___

Дæ нисан дæ къохи бафтудæй, уæд еци цаубæл цийнæ кæнæ дæхенимæри, хебæлхуæцгæй.

___

Дæ нисанмæ цо æнæфæккеугæй, фал цæлхдортæбæл дæхе ма хуайæ, сæ фæрсти цо.

___

Ци гъуддаг райдæдтай, уой кæд цийфæнди хумæтæг æй, уæддæр имæ еугæр бавналдтай, уæд æй уотæ исаразæ, æма имæ фау æрхæссæн куд нæ уа.

___

Баруагæс ди уæд, ме 'мдзубандигæнæг, дæ царди нæдбæл берæ цибæлтæ æма зæрдæсайæнтæ уодзæнæй, фал еци аййепитæй дæхе фæййеуварс кæндзæнæ айдагъдæр, рартасун сæ ку бафæразай æма син раст аргъ ку искæнай, уæд...

___

Ес, æнæ хæрандзийнадæй æ бон цæрун кæмæн нæй, уæхæн адæм. Уонæн знæгтæ исунцæ ниййергутæ, сæ сувæллæнттæ, æмбæлттæ æма æрдхуæрдтæ, сæ дæлбарæ косгутæ æма хецæуттæ, еузагъдæй – еугур адæм дæр.

___

Дæ зæрдæбæл дарæ: соцъа кæнуни медæгæ фунæй кæнунцæ маруни æма ихалуни æнкъарæнтæ.

___

Æнтæстдзийнæдтæ ке къохи бафтуйуй, е еуæй-еу хатт æхебæл æгæр фенвæрсуй, бауæндуй æппæлæн дзубандитæбæл, уавæрæн раст аргъ нæбал фæккæнуй. Уæхæн уавæри æнцонæй æрбайсафæн ес, устур фудæбони хæццæ ци бакустай, уой дæр. Уæлахездзау æй лæдæргæ дæр нæ бакæнуй, састи бунатмæ ке фæццæуй, уой.

___

Кæд дæ зæрдæ «нæ» дзоруй, уæд дæ билтæй гъæуама «гъо» ма исхауа. Мæнгæ æппæлд хæлардзийнади хузæн æй. Фал айдагъдæр «хузæн».

___

Сайгæ ма кæнæ, уæдта сайдæн ма бухсæ. Сайдæн макæд нихxатир кæнæ.

___

Хахуртæмæ ма игъосæ, уæдта сæ макæмæнбал дзорæ. Кæд сæ де 'знæгти тухxæй дзорунцæ, уæддæр сæ фæууорамæ.

___

Мæнæн, уæдта дæуæн дæр дæ цæститæбæл зинтæй рауайдзæнæй, æрдхуæрдтæ кæмæн нæййес, уæхæн лæг.

Фал æцæг æрдхуард ун алке бон нæй...

___

Зонæ, æцæг лимæндзийнадæ æрæгæмæ ке ирæзуй, уой.

___

Ес уæхæнттæ, сæ хæццæ знаг ун куд тæссаг æй, уотæ – лимæн ун дæр.

**Дæс æма цуппаринсæй анзей размæ (1934 анзи 16 апърели) нисангонд æрцудæй нæ Фидибæсти уæлиаудæр хуæрзеуæг – Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Æ рæстæги е аккаггонд æрцудæй не 'мзæнхонтæй беретæн.**

*Зундгонд уæрæсейаг паддзахадон архайæг Сергей ВИТТЕ (1849-1915) куд финста, уотемæй: «Александр Æртиккаги сæйраг æскъуæлхтдзийнадæ е адтæй, æма æ комкоммæ æма раст архайдæй Уæрæсей кадæ уоййасæбæл бæрзондмæ ке исиста, уой размæ уæхæн уавæри некæд адтæй. Уæрæсе иссæй дуйнеуон политики шахмæттæй гъазæн фæйнæгбæл сæйрагдæр гурæ...»*




Александр Æртиккаг æфсæддон ахурти рæстæг.

# РÆСТÆГÆЙ РАСТДÆР ТÆРХОНГÆНÆГ НÆЙЙЕС!..



Апърели кæрони ке ниффинста æма мухургонд ка 'рцудæй, еци Устур Манифести загъд ес: «Мах дзорæн, Уæрæсебæл еузæрдиуон ка 'й, уонæмæ, цæмæй ин рæстзæрдæй лæггадæ кæнонцæ, цæмæй архайуонцæ, Уруссаг зæнхæбæл ци цъифкалæнтæ калд цæуй, уони искунæг кæнунбæл, цæмæй федар кæнонцæ æуууæнкæ æма хуæрзæгъдаудзийнадæ, кæстæр фæлтæри рæстмæ зундирахастæй гъомбæл кæнонцæ, архайуонцæ æнæрастдзийнадæ æма дæвдтитæ искунæг кæнунбæл, цæмæй паддзахадон уагдæнтти рæстдзийнадæ æма гъæугæ уагæвæрд æрфедар уа, уобæл.

Еци Манифестæй æхсæнадæн карзæй лæдæрдгонд цудæй цалдæр гъуддаги. Циуавæрдæр нæуæг райарæзтитæй еунæг дæр нæ!.. Еунæг адæмон минæвайрадæ дæр нæ!.. Гъæуама еугур гъуддæгутæ дæр æмбурдгонд æрцæуонцæ еу дзæмбуй!.. «Хе паддзæхти уарзун æма уонæбæл еузæрдиуон унæй», уæлдай еунæг дæр нециуавæр фæндитæ!.. Реформити нихмæ – унгæггæнæг æма кунæггæнæг мадзæлттæ!..

Æма си ци рауадæй? Уомæй Уæрæсей промышленнон кустуæттæ фулдæр продукци уадзун райдæдтонцæ, æви адæми нимæдзæ фулдæр фæцæй?.. Аци æма æндæр ауæхæн фарстатæн æнхæст дзуæппитæ раттунæн агъазиау дзубанди багъæудзæнæй æма уомæн ба газети фагæ равгитæ нæййес. Ка 'й зонуй, хецæн æрмæгутæй ма сæбæл дзордзинан. Нур ба, еугæр нæ дзубанди Александр Æртиккаги туххæй рацудæй, уæд ма нæ фæндуй æ исарæзт нæуæгдзийнæдтæй еуей кой ракæнун.

* * *

Император исуогæй, е кæддæр уотæ загъта: «Уæрæсейæн лимæнтæ нæййес. Етæ нин нæ агъазиаудзийнадæй тæрсгæ кæнунцæ. Махæн ес айдагъдæр дууæ æууæнккаг лимæни: уруссаг æфсад æма уруссаг флот!..»

Æма, æвæдзи, æ еци зундирахастмæ гæсгæ хъæбæр æноводæй архайдта бæсти æфсад æма флоти гъомусадæ бæрзондæйбæрзонддæр кæнунбæл.

Александр Æртиккаг Уæрæсей паддзах ку иссæй, уæд ибæл, ку зæгъæн, цудæй æхсæрдæс æма инсæй анзи, фал уæдмæ хуарз балæдæрдтæй, тугъд адæмæн ци тогæйдзаг фæстеугутæ хæссуй, уой. Æ паддзахеуæгкæнуйнади тæккæ райдайæни Александр Æртиккаг алли мадзæлттæй дæр архайдта æхе æма æ Фидибæстæ тугъдтитæй багъæуай кæнунбæл. Иннердигæй ба æновудæй архайдта, уæрæсейаг æфсæддонти еугæр циуавæрдæр тугъди архайун ку багъудайдæ, уæд ин æнцондæр æма рæуæгдæр фадуæттæ тохунæн куд адтайдæ, уомæн равгитæ исаразунбæл.

Куд æ фидæ Александр Дуккаги ( уой ба Уæрæсейæн æхе медæгæ дæр æма Европи адæмихæттитæй дæр беретæ худтонцæ Паддзах-Иссæребарæгæнæг) гъуддæгутæ идарддæр хæссæг, сабур цард аразæг, уотæ æ еугур зунд æма хъауритæй дæр архайдта, ци цитгин паддзахади сæргъи æрлæудтæй, уой тухæ æма кадæ иннæ фæсарæйнаг бæстити цæсти никки уæлдæр бунатмæ исесунбæл. Æ бæстæ фудæзнагæй багъæуай кæнуни туххæй райдæдта уруссаг æфсади уагæ нæуæг хузи райаразунмæ.

Æ еци архайдæй ци нæуæгдзийнæдтæ æнхæстгонд цудæнцæ, етæ кедæрти зæрдæмæ нæ цудæнцæ. Зæгъæн, кæмæйдæрти фегъосæн адтæй, гъома, Александр Æртиккаг уруссаг æфсади уæледарæси æндаг бакаст фæффудуинд кодта, зæнхкосгути дарæси хузæмæ 'й æртардта, зæгъгæ. Император, æфсæддон дарæси гъуддæгути хуæрздæсни уогæй, æхуæдæг кастæй æ тохæг æфсæддонти уæладерæси кондмæ. Уомæн æма паддзах æхебæл бавзурста, кæд æма еци уæледарæс æндаг бакасти рæсугъд адтæй, уæддæр цæйбæрцæбæл унгæг æма зин архайæн адтæй, уой. Уомæ гæсгæ ба Уæрæсей уæди æфсæддон министр П.С. Ванновскийæн байхæс кодта, цæмæй æфсæддон уæледарæсæй рандæ кæнонцæ «æндæмæдавæн» уæлдай сæнттадæгæнæнтæ. Æфсæддон гъæуама алли минут дæр цæттæ адтайдæ рæвдзæй фæггæпп кæнунмæ, æ ихæстæ æнæхъорæй æнхæст кодтайдæ. Æфсæддонтæн цæттæ уæледарæс ке лæвардтонцæ, уомæ гæсгæ интендантон служби ихæс адтæй алкæмæн дæр æхе гурикондмæ гæсгæ æфсæддон дарæс хуйун.

Уогæ айдагъ æфсæддонти уæледарæс æййивд не 'рцудæй нæуæг хузтæбæл. Александр Æртиккаг æхуæдæг æхе уодбæл бавзурста, тугъдон архæйдтити рæстæг уæрæсейаг æфсад æгæр кадавар ке адтæй уæди раззагдæр техникон фæрæзнитæй, уой фудæй æфсæддонтæ ци зиндзийнæдтæ æма гъезæмæрттæ æвзарунцæ æфсæддонтæ, уой.

Уомæ гæсгæ ба æ цæстæ дардта æфсæдтæ техникон ефтонггæрзтæй æнхæстдæр кæнунмæ. Императори рæстæги фæззиндтæй конструктор С.И. Мосини æргъудигонд топп, броненосецтæ дæр уой доги уадзун райдæдтонцæ. Еугур фæсарæйнаг паддзахæдти æфсæддон министртæ дæр устур цæмæдесдзийнади хæццæ æздахтонцæ се 'ргом, Уæрæсей Гæрзефтонг тухти ци нæуæгдзийнæдтæ зиннун байдæдтонцæ, уонæмæ.

Нæуæг æййивддзийнæдтæ хуæрзæрдæмæ фæббæрæг æнцæ Уæрæсей Гæрзефтонг тухти еугур къабæзтæбæл дæр.

Александр Æртиккаг Уæрæсей æфсæддон гъомусадæ дуйней тæккæ раззагдæрти æмбæрзæндæмæ исесунбæл цæйбæрцæбæл æновудæй архайдта, уобæл уой уомæ гæсгæ дæр æримистан, æма нæ Фидибæсти разамунд еугур рæстæгути еци гъуддагмæ бустæги агъазиау æргом æздахтонцæ. Уомæн æма еугур рæстæгути, æцæгæйдæр, æууæнккаг лимæнтæ некæд адтæй, сæ дæлбарæ нæ искæнунмæ гъавгутæ ба æгæр берæ дæр ма адтæнцæ. Æма уонæн ба сæ фудвæндитæ фегуппæг кæнунæн гъудæй, цæмæй адтайуонцæ бæрзæйсæттæн нихкъуæрд дæттунгъон Гæрзефтонг тухтæ. Æма нæмæ алкæддæр адтæй, ес æма нæмæ, баруагæс уæд не 'знæгтæй, алкæддæр уодзæнæй. Уомæн ирд æвдесæн сæрмагонд æфсæддон операци. Дуйней тухгиндæр паддзахæдтæ кæд æма Украинæн тæккæ нуриккондæр тохæндзаумайæй, æхцай фæрæзнитæй æма ма берæ æндæр цæмæйдæрти агъазæй-агъаздæр кæнуй, уæддæр си неци уайуй, Уæрæсей æфсад æй тухгиндæр æма уæлахезондæр. Тухгиндæр ба 'й Уæрæсей агъазиау ауодундзийнади фæрци. Æма идарддæр дæр уотæ уодзæнæй, идарддæр дæр нæ нихмæ архайгутæ, цийфæнди ку фæккæнонцæ, уæддæр сæбæл æнæмæнгæ уæлахез кæндзинан.

* * *

Александр Æртиккаги æримисгæй, бунати уодзæнæй уой архайдæй ма еума гъуддаг æримисун. Нуртæккæ нæ нихмæ ка архайуй, етæ сæ уодæй-уод кæнунцæ Уæрæсебæл аллихузон фудимелитæ имисунæй, фудгин æй кæнунцæ, гъома, тугъдон æзмæнститæ ракъахæг, иннæ хуæдбарæ паддзахæдтæмæ лæборæг æй, зæгъгæ. Уотемæй ба паддзахади разамонгутæ – куд паддзахдзийнади доги, куд советон хецаудзийнади рæстæги, куд нуриккон Уæрæсей – алкæддæр адтæнцæ сабурдзийнади сæрбæлтау архайгутæ, сæ бæлдæ адтæй, цæмæй еугур адæмихæттитæ дæр æнæхъорæй сæ цардиуаги хабæрттæ аразонцæ, куд син хуæздæр æй, уотемæй. Уæхæн гъудибæл хуæст адтæй Александр Æртиккаг дæр. Нуртæккæ нæ бæсти нихмæ уæлдай карзæй ка архайуй, уонæй еу æй Францій нури президент Эммануэль Макрон. Æ бæсти историй, æвæдзи, бустæги хуарз нæ зонуй, æндæр ба ескæд фегъустайдæ, е 'мбæстаг зундгонд историк Анатоль Леруа-Болье (1842-1912) æ рæстæги уæрæсейаг император Александр Æртиккаги «Сабурдзийнадæ итауæг изæд» ке исхудта, уой. Тугъдтитæ æма æзмæнстити нихмæ федар тохгæнæг Александр Æртиккаг сæйраг ихæстæн сæ сæйрагдæрбæл нимадта, цæмæй Уæрæсе æнхæст кæна æхе медæгæ ци ахсгиаг лухкæнуйнаг фарстатæ ес, уони – æцæг, гæнæн ку нæбал уа, уæдта ескæци бæсти фарс дæр рахуæцун. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма, Уæрæсейæн ескæци тугъдтити архайгæ ку рауайидæ, уæд император архайдта уонæй алкæмæй дæр æ паддзахадæн ести экономикон пайда ратонунбæл, уой хæццæ ба æхе бæсти еудзийнадæ багъæуай кæнунбæл. Æ еци цæстингасмæ гæсгæ ин устур аргъ кодтонцæ еугур европаг паддзахæдти сæргълæугутæ дæр.

Фал ин уæддæр нæ бантæстæй европаг паддзахæдти цардарæзтæй æхе æнæгъæнæйдæр исуæгъдæ кæнун. Еу рæстæги Уæрæсей æма Германий рахастдзийнæдтæ уазалдæргæнгæ цудæнцæ, уотемæй ба Германи, Австри æма Итали дзæвгарæ фенгондæр æнцæ кæрæдзей хæццæ. Уомæ гæсгæ ба Уæрæсей багъудæй Францимæ е 'ргом раздахун æма æ хæццæ æмцæдес бакæнун. Германий сæргълæуууæг бардзурд равардта банкиртæн, цæмæй Уæрæсей хъазар гæгъæдитæ ист мабал цæуонцæ. Уомæй гъавта Уæрæсей бустæги æгудзæг уавæрмæ æртæрун, нæуæгæй æ нихмæ истохгæнгæй уой æ къæхти буни æрæнсæндунмæ.

* * *

Цæмæ гæсгæ æримистан аци рагон хабæрттæ? Цæмæй абони нæ цардарæзти хуæздæр искондбæл архайгæй зонæн, нæ Фидибæстæ еугур рæстæгути дæр цæмæй гъомусгин адтæй æма цæй фæрци кæдæй æма кæдæй ардæмæ æй цитгин.

Нимайун гъæуй уой дæр, æма историй размæцудæн бауорамæнтæ нæййес. Уомæ гæсгæ ахсгиаг æй æндæр гъуддаг. Алли догæмæ дæр разиннуй æхе домæнтæ, кæцитими æвæрд фæуунцæ цардæййевæн аллихузон рахуæцæнтæ. Уони гъæуама æстæфæн нæ бæсти, уæдта нæхе ирисхъи дæр. Ку фæззиннунцæ, уæд сæ гъæуама бундоронæй балæдæрæн. Алли адæймагмæ дæр æхе нисантæ, æхе бæлдитæ ес. Нæ алливарс цидæриддæр цаутæ цæуй, уонæмæ алкедæр ни æхе сæрмагонд цæстингасæй кæсуй. Цирдæмæ цæуæн, уой ку нæ лæдæрæн, уотемæйти хецæнæй еуей ирисхъæн аразæн нæййес. Раст над ка равзурста æхецæн æ царди, етæ алкæддæр æвæсмон фæуунцæ. Рæстæгæййевæн доги ба фесинмæ ханхæбæл ку рацæуай, уæдта састи бунати байзайдзæнæ æма дæбæл де 'нæуарзонтæ сæ къæхтæй ниххæтдзæнæнцæ.

***Æрмæг бацæттæ кодта Хекъилати Маринæ.***

## ИСТОРИОН ÆВДЕСÆНТÆ



**Куд паддзахеуæггæнæг Александр Æртиккаг, кæд хъæбæр карз адтæй, уæддæр уой хæццæ адтæй лæдæрагæ æма хатиргæнагæ. Кæддæр, дан, æфсæддон Орешкин уотæ хъæбæр фæррасуг æй ниуазæндони æма æхе дарун байдæдта бустæги æведауцæй. Бæргæ 'й сабур кодтонцæ, сауæнгæ ма ин, ниуазæндони фарсбæл Александр Æртиккаги ауигъд хузæмæ дæр райамудтонцæ: «Уæлæ дæмæ император кæсуй, æма уæддæр уомæй фефсæрми уо...» Е хузæмæ искастæй æма загъта: «Уæ императорбæл ту кæнун!..» Уæхæн миуи туххæй æфсæддони карз бафхуæруйнаг адтæнцæ, фал хабар бахъæрттæй императорæн æхемæ æма 'й нæ бауагъта бафхуæрун. Æцæг бафæдзахста, цæмæй ниуазæндæнтти æ хузтæ æгириддæр ма уонцæ. Уæдта ма байхæс кодта: «Орешкинæн ба зæгъетæ, æз дæр ибæл ту кæнун...»**

**Цума, нури бæрзонд хецауеуæггæнгутæй алке исарæхсдзæнæй æ фудгойгæнæгæн, уоййасæбæл зæрдхæларæй ниххатир кæнун.**

Уæрæсей силгоймаг-император Екатеринæ Фиццаги райгурдбæл 15 апърели æнхæст кæнуй 340 анзи (1684-1727). Нæ Фидибæсти æ доги цардарæзтмæ бахаста аллихузон пайдахæссæг нæуæгдзийнæдтæ.

***Ученые Санкт-Петербургского государственного электротехнического университета ЛЭТИ выявили вид насекомых, который может поглощать и перерабатывать пластик, в частности пенопласт, на простые составляющие. Речь идет о личинках жуков зофобасов, проживающих в Центральной и Южной Америке. Важно отметить, что за переваривание пенопласта ответственны не столько сами личинки, сколько живущие в их пищеварительном тракте бактерии.***

## ÆДУЛИЙ «ЛÆГДЗИЙНАДÆ» – Æ ЦАРДИУАГÆ ЛИГЪЗГÆНÆНÆЙ ИСЛИГЪЗ КÆНУЙ, УÆДТА ’Й КЪУМУХ ФÆРÆТÆЙ ÆРАМАЙУЙ!..



# НИФСХАСТ ХУÆНХТÆ ДÆР КЪÆРТГАЙ КÆНУЙ!..

*Æма ду ба дæхе нифсхаст æнгъæлис æви?.. Цæмæй уой еуцæйбæрцæдæр бæлвурдæй базонай, уой туххæй æргомзæрдæй исдзуапп кæнæ, мæнæ абони ке мухур кæнæн, еци фарстатæн.*

**1.** Кумæдæр цæун дæ ку багъæуа, уотемæй ба æндегæй бонигъæдæ нæбæзгæ ку уа, уæд дæ фæндæ раййевдзæнæ?

**2.** Багъудæй дæ абони цидæр æндæр сахармæ цæун. Фал уордæмæ билеттæ хæстæгдæр 2-3 бонемæ нæбал ес – еугурæйдæр уæйæгонд æрцудæнцæ. Къасси косгутæй дæ хæццæ дзорун дæр неке аккаг кæнуй. Уæхæн уавæри дæ бон исуодзæнæй билет исамал кæнун æма дæ балций рандæун, еунæг бон дæр нæ байрæги кæнгæй?

**3.** Де ’мбал фæссæйгæ ’й. Сæйгæдонæмæ бахаудтæй, фал имæ неке уадзунцæ. Исарæхсдзæнæ еугур уорамæнтæбæл фæцъцъерф кæнун æма де ’мбали еу-фондз минуттей бæрцæ рабæрæг кæнун?

**4.** Æмбесæхсæви нидздзæнгæрæг кодта телефон. Де ’мбал ди коруй, цæмæй имæ æвæстеуатæй фæззиннай. Берæ расагъæс-басагъæс кæнун дæ багъæудзæнæй, æ курдиадæ ин исæнхæст кæнуни фæдбæл?

**5.** Де ’мбали бон нæй равдистмæ бацæун. Дæ бон исуодзæнæй дæ еугур гъуддæгутæ дæр фæууадзун, цæмæй ин уæддæр ести хузи уордæмæ бахаунæн фæййагъаз кæнай?

**6.** Куд нимайис, «нисан бантæсун раст кæнуй мадзæлттæ», зæгъгæ, загъд раст æй?

**7.** Уæззау уавæрти айдагъдæр, хæстæг дин ка ’й, уонæн фæййагъаз кæнис?

**8.** Æцæгæлон сахари еунæгæй ку равзурай, уæд фæкъкъех уодзæнæ?

**9.** Дæ бон æй, æмбæлттæ дæр æма, кæми æрæхсæвеуат кæнай, уæхæн равгитæ дин кæми нæ уа, уæхæн сахармæ рандæун?

### ДЗУÆППИТÆ БАНИМАЙУНИ ФÆТКÆ

Фæйнæ еу балли банимайетæ, аци фарстатæй цуппаребæл (2,3,5,9) аразий дзуапп ратгæй, уойбæрцæ аргъгонд цæуй фондзебæл (1,4,6,7,8) си нæгæнæг дзуапп ратгæй дæр.

### ХАТДЗÆГТÆ

**Æдеугурæй «æрæмбурд» кодтай æртæ баллемæй минкъийдæр.**

Нифсхаст адæймагбæл дæ зинтæй банимайæн ес. Куд рабæрæг æй, уотемæй хаст цæуис, ести гъуддаг исаразуни размæ дæс хатти фæррабарæ-бабарæ кæндзæнæ. Æгириддæр нæ исарæхсдзæнæ сауæнгæ тæккæ бæрзонддæр æма бæлдтагдæр нисанти туххæй æма дæ хъæбæр хеуон адæймæгути сæрбæлтау æнæрагъудигонд гъуддæгутæ исаразунмæ.

**Æртæ баллемæй ба æхсæз баллей уæнгæ.**

Де ’рдзон гъавгæ архайундзийнади менеуæгмæ гæсгæ уарзис дæхе ракæндтитæбæл, æма, дæ фалдзос ка ’й, уони ракæндтитæбæл дæр лæмбунæг æрсагъæс кæнун. Фал, уæлдай хеуон дин ка ’й, уони туххæй ба дæ бон æй цийфæнди гъуддаги дæр бацæун, кæд æма дин тæссаг уодзæнæй мæстаг фæстеугутæй, уæддæр.

**Æрæмбурд кодтай æхсæз баллемæй фулдæр.**

Хъæбæр сæруæлдай æма æнахъæл адæймаг дæ. Ахид дæхе багæлдзис ескæмæн фæййагъаз кæнунмæ, сауæнгæ ди уой ку нæ фæййагорунцæ, уæддæр. Уогæ дæ еци миутæ хаттæй-хатт фехалунцæ иннети гъæвдитæ. Ка ’й зонуй, еуцæйбæрцæдæр хебæлхуæцгæ ун дæ гъæуй, æма уæд дæ цæрди минкъийдæр æвзурдзæнæй æнæнгъæлти цаутæ. Уогæ комкоммæ минкъийдæр уодзæнæй де ’мбæлтти нимæдзæ дæр.

## СМЕЯТЬСЯ, ПРАВО, НЕ ГРЕШНО!..

Поздно ночью муж вернулся навеселе и обнаружил, что забыл дома ключи.

Постучал в дверь.

– Это ты? – грозно спросила жена.

– Боюсь, что я, – ответил муж.

* * *

**– Хочу тебя обрадовать, Лиза, – говорит отец дочери, – твой возлюбленный попросил у меня твоей руки.**

**– Да, но мне так не хочется разлучаться с мамой.**

**– И не надо, радость моя, возьми ее с собой!**

* * *

Гаишник бауорæдта шофери. Шоферæн æ фий сурх, цæститæ дзангъиртæ кæнунцæ. Цубурдзурдæй, хъæбæр расуг.

Гаишник:

– Цæуæн, æма нифф у кæнæн.

– Нæ-нæ, мæнæн фагæ ’й!

* * *

Муж приходит очень поздно. Жена набрасывается на него:

– Где шляпа?

– У Федора, в карты играли.




– Врешь! – жена хватает трубку и звонит Федору:

– Федька! Мой у тебя был?

– Конечно, был, – отвечает приятель мужа, – он и сейчас у меня сидит...

* * *

**– Мæ уосæн санаторимæ путевкæ æгæр хъазарбæл ислæудтæй, фал æй ке балхæдтон, уобæл фæсмон нæ кæнун.**

**– Ци, дæ уосæ исдзæбæх æй?**

**– Фæстæмæ нæбал исæздахтæй, – æхецæн æндæр кедæр иссирдта!**

## РАХОДÆ ÆМА ФУЛДÆР ФÆЦЦÆРАЙ!..

* * *

Дууæ лæги ниуазунцæ æма сæмæ Додæ бацудæй:

– Ци хуарз æй, æртиккаг уодзæнæн!

– Нæ, уодзæнæ æхсæзæймаг. Фондземæй бал сæ рарвистан.

* * *

**Жена спрашивает мужа, отправляющегося на курорт без нее:**

**– А почему ты не одел обручальное кольцо?**

**– Кольцо – в такую жару?**

* * *

– Ты знаешь, Юрка попал в больницу.

– Удивительно! Ведь только вчера вечером я видел его с очаровательной блондинкой!

– Его жена тоже видела...

* * *

**Еу кизгæ фæрсуй инней:**

**– Дессагæн, раздæр силгоймæгтæ ци ирдтонцæ лæгтæмæ хуарздзийнаæй?**

**– Кæд раздæр?**

**– Цалинмæ æхцатæ не ’ргъуди кодтонцæ, уæдмæ.**

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Æфсæддонтæ æма денгизонтæн ци нæлхæ лæвæрд цудæй, е æгæр хъазар ке адтæй, уомæ гæсгæ ’й æндæр естæмæй раййевуни туххæй Францый императортæй еу исаразта конкурс. Æма ’й уæдæй ардæмæ нимайунцæ, химик Ипполит Меш-Леурье патент кæбæл райста, еци нурикон маргарини «дзиуарæвæрæг фидæбæл». Ка адтæй еци монарх?**

а) Луи XII. б) Наполеон III. в) Людовик XVIII.

**2. Дзюдо æма каратэй алли фæйнæхузти архайун мæнæмæнæ нур ка байдæдта, еци сабий гъæуама ци хузи ронæ балхæна?**

а) Сау. б) Борбун сурх (оранжевый). в) Уорс.

**3. Цæмæй æмбуйгæ ма кæнонцæ, уой туххæй циуавæр гъæдæрмæгæй конд æнцæ Мæскуй** Кремли азгъунстити медæггаг хæйттæ?

а) Кæрзæ. б) Сифнæзи. в) Толдзæ.

**4. Адæймагæн рамæлунæй уæлдай тæссагдæр кæци инфекцион нез æй?**

а) Сибираг хусара. б) Еминæ. в) Агъуддзийнадæ.

**5. «Дижойнаг бæлтæрна», зæгъгæ, ке хонунцæ, уой фиццагидæр исцæттæ кодтонцæ французаг цæрæн рауæн Бургундий сæйраг сахар Дижони. Уæд бунæттон хуæруйнаггæнгутæ исфæндæ кодтонцæ, сæ зæрдæмæ ка нæ цудæй, еци дзумари имонаудæр рæзæдонæй. Ци си рауадæй, е ба бæлвурд æй, еци бæлтæрна цæйбæрцæбæл цæстиварди æй æнæгъæнæ дуйней дæр, е. Цæй донæй пайдагонд цæуй аци гъæцæн цæттæ кæнунæн.**

а) Сæнæфсери. б) Лимони. в) Устрици.

**6. Номдзуд америкаг æргъудигæнæг Томас Эдисон фескъуæлхтæй минæй фулдæр алæмæти æргъудидзийнæдтæй. Фал ин си еу ба сауæнгæ нимад цæуй куд «тæккæ адæмондæр». Е си кæци æй?**

а) Къанфетти цъæрттæ. б) Пластикæй конд авгæ. в) Сирник.

**Раст дзуæппитæ нæ газети 12-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Уруссæгти. **2.** Адольф Гитлер. **3.** Æдулидзийнадæ. **4.** Иван Сусанин. **5.** Емельян Пугачев. **6.** Карл Маркс.


Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.** Рафинсуни индекс: **73946.** Тираж **650.** Заказ **№ 758.** Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 12.04.2023. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 12.04.2023.



Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.

Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.

Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.